ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И І ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№100 (24.070) ● 2020 гъэм шыщхьэуІум (августым) и 22, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

# КІуэкІуэ К. В. яІущІащ КЪБР-м и Правительствэмрэ республикэм и муниципалитетхэмрэ я унафэщІхэм

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек шыщхьэуІум и 19-м иригъэкІуэкІащ КЪБР-м и Правительствэм, муниципальнэ щІыналъэхэм, къалэ округхэм я администрацэхэм я унафэщІхэр зыхэта зэІущІэ. Абы кърихьэлІащ «Росреестр»-м КЪБР-м щиІэ Управленэм и унафэщІ Дмитриев Виталий**.

ЗЭІУЩІЭМ япэщІыкІэ щыхэплъащ Урысей Федерацэм и щІыналъэхэм хьэрычэт Іуэху щегъэкІуэкІыныр нэхъ тынш щыщІыныным хуэунэтІауэ яубыхуэхэр зэрагъэзащІэм, мыльку зиІэхэм инвестицэхэр республикэм къыхегъэлъхьэным тегъэгушхуэным ехьэлІа Іуэхухэм. Абы теухуауэ къэпсэльащ «Росреестр»-м КЪБР-м щиІэ Управленэм и унафэщІ Дмитриев Виталий.

Зэ1ущІэм къыщыхагъэщащ «Росреестр»-м КЪБР-м щиІэ Управленэмрэ муниципальнэ щІыналъэхэм, къалэ округхэм я администрацэмрэ республикэм щыпсэухэм Іэхутхьэбзэ яхуэщІэн и лъэныкъуэкІэ нэхъ быдзу зэпыщІауэ зэдэлэжьэн зэрыхуейр.

КІыхуэхэм щІэныгъэ щрагъэгъуэт Іуэхущапльэхэр гъэ еджэгъуэщІэм зэрыхуагъэхъэзырым, 2020 гъэм фокІадэм и 1-м ЩІэныгъэхэм я махуэр зэрыгагъэкІуэкІыну щыкІэм теухуауэ видеозэІущІэм къыщыпсэльащ КЪБР-м щІыхуэр егъэджэныкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэ Езауэ Анзор.

Министерствэм и унафэщІым жиІащ республикэм щІыхуэхэм щІэныгъэ щрагъэгъуэт и Іуэхущапльэхэр гъэ еджэгъуэщІэм хуэгъэхьэзырыным ехьэлІа лэжьыгъэхэр зэрынагъэблэгъаг. Псалъэм папщІэ, кІуаужь школхэм ящыщу 18-м спорт залхэр зэгъэзэщжьын щаух, апхуэдэуи бжыгъэр зи лъабжьэ, гуманитарнэ унэтІыныгъэхэмкІэ щІэныгъэ щрат «Зыужьныныгъэм хуэзышэ лъагапІэ» центр 42-рэ къызэгъэпэщыни и кІэм нагъэсащ. ЕджапІэхэм щыщІадзащ тхьылъхэр пщІэншэу тыным. Дызэрыт илъэсым абы трагъэкІуэдэн папщІэ КЪБР-м и бюджетым щыхухахащ сом мелуан 46,4-рэ.

КЪБР-м щыщ егъэджакІуэ минитхум щІигъуи фокІадэм и 1-м къыщыщІэдзауэ яІэрыхьэнущ классхэм я унафэщІу зэрыщытым папщІэ ират ахъшэм хуищІагъуэхэр. Абы текІуэдану мылькур Къэбэрдей-Балъкъэрым къыхауатІыпщынущ 2020 - 2022 гъэхэм ятещІыхьа къэрал бюджетым щыщу. Къимыдэкіэ, 1 - 4-нэ классхэм кІуэ еджакІуэ мин 50-м щигъур махуэ къэс ягъэшхэнущ къэуат зыщІэлъ ерыскъы пщтыркІэ.

Сабийхэр пщІэншэу гъэшхэныр къызэгъэпэщыныр класс унафэщІхэм я лэжьыгъэм пэкІуэр етыныр ехьэлІауэ къыкъуэкІупщІэ псоми щыхэплъэн папщІэ КЪБР-м ЦІыхухэр егъэджэныкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министерствэм и сайтым къыщызэІуахынущ «линэ пщтыр».

2020 гъэм фокІадэм и 1-м къыщыщІэдзауэ дыгъэгъазэм и 31 пщІондэ еджапІэхэмрэ сабий садхэмрэ щыпсащнущ эпидемием пэщІэтыным хуэгъэза лэжьыгъэхэм. Абы хохьэ дезинфекцэ зэращІ Іэмэпсымэхэмкіэ пэшхэр махуэ къэс ялъэщІыныр, хьэуам инфекцэр зэрыхагъэкъэбзыкІхэр кьагъэсэбэпныр, ерыскъыр зыгъэхьэзырхэмрэ ар сабийхэм ешІэхэмрэ узыфэм зэрызыщахъуэмэ хабзэхэм тКІийуэ тетыныр.

ЩІэныгъэхэм я махуэм ехьэлІа дауэдапщэхэр ирагъэкІуэкІынущ санитар-эпидемиологиемрэ мардэхэм къызэрагъэувым тету. Егъэджэныгъэ Іуэхущапльэхэм ар къызэрыщызэрагъэпэщыну щыкІэр щагъбзыхунущ коронавирус уз зэрыщІалэм республикэм зыщемыгъэубгъуным хуэунэтІа Іуэхухэр зэкІэлъызыгъакІуэ Оперативнэ штабым и зи чэзу зэІущІэм.

КІуэкІуэ Казбек КЪБР-м ЦІыхухэр егъэджэныкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министерствэмрэ адміністрацэхэм я унафэщІхэмрэ кьалэн ящиІащ гъэ еджэгъуэщІэм зэрызыхуагъэхьэзыр щыкІэм кІэлъыплъыну, абы зэпымыууэ я нэІэ трагъэтыну, егъэджакІуэхэмрэ адэ-анэхэмрэ быдзу ябыщІауэ ядэлэжьэну, а Іуэхур еджапІэ щхьэхуэхэм щызэблэу къэхъумэ,ныкъуасныгъэхэр икІэщІыпІэкІэ зэрагъэзэкІуэжьным яужь итыну.

Лъэпкъ проектхэм щІыналъэ зэрыхэт и Іыхьэхэр муниципалитетхэм гъэзэщІа зэрыщыхъум, къыхуауатІыпща мылькур къызэрагъэсэбэпым теухуауэ зэІущІэм къыщыпсэльащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщі Мусуков Алий.

Лъэпкъ проектхэр КЪБР-м и муниципальнэ щІыналъэхэм щыгъэзэщІэным трагъэкІуэдэн папщІэ къэрал, республикэ бюджетхэм мы илъэсым щыхухахащ сом мелард 1,2-рэ. ШыщхьэуІум и 18-м ирихьэлІэу а мылькум и процент 56-р кьагъэсэбэпакІащ. И кІэм ноблагъэ муниципальнэ зэгурыІуэныгъэхэр зэщыкІэным ехьэлІа лэжьыгъэр.

***КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущапльэ.***

**№170-ПП**

***2020 гъэм шыщхьэуІум и 17-м*** ***Налшык къалэ***

**«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэм щІэуэ къежьа коронавирус уз зэрыщІалэр (2019-nCoV) къыщымыгъэхъуным нэгъэсауэ хуэхьэзыру щытынымкІэ хабзэр щыгъэувыным икІи абы земыгъэубгъуным хуэунэтІа зи чэзу Іуэхухэр лэжьыным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2020 гъэм гъатхэпэм и 18-м къыдигъэкІа Указ №19-УГ-м зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэм щІэуэ къежьа коронавирус уз зэрыщІалэр (2019-nCoV) къыщымыгъэхъуным нэгъэсауэ хуэхьэзыру щытынымкІэ хабзэр щыгъэувыным икІи абы земыгъэубгъуным хуэунэтІа зи чэзу Іуэхухэр лэжьыным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2020 гъэм гъатхэпэм и 18-м къыдигъэкІа Указ №19-УГ-м зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэн, 2.6 пунктым и «а» пункт къуэдзэм хэт «2020 гъэм шыщхьэуІум и 10-м къыщыщІэдзауэ и 23 пщІондэ» псалъэхэм яужькІэ «, 2020 гъэм шыщхьэуІум и 24-м къыщыщІэдзауэ 2020 гъэм фокІадэм и 6 пщІондэ» псалъэхэр къэхьауэ.

2. Мы Указым кьару егъуэт ар официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ** **КІУЭКІУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2020 гъэм шыщхьэуІум и 21-м*
*№108-УГ*



●Дунейпсо зэпеуэ

# «Іуащхьэмахуэ и уэрдыхъу»

**«Іуащхьэмахуэ и уэрдыхъу-2020» дунейпсо зэпеуэм хэтыну командэхэм Іуащхьэмахуэ лъапэ зыщагъасэ**.

УРЫСЕЙ Федерацэм Зыхъумэжьныгъэмкіэ и министерствэм бгылъэ щІыпІэхэм зыщыгъэсэнымрэ цыху Іэпкъльэпкъыр гугъуехьхэм пэльэщын хуэдэу псыхьынымкІэ и «Терскол» центрым щыщхьэуІум и 23-м щыщІедзэ къуршхэм къулыкъу щыщІэным хуэщІа дзэ къудамэ нэхъыфІыр къыхэхыным хуэунэтІа «Іуащхьэмахуэ и уэрдыхъу-2020» зэпеуэм и ублэпІэ Іыхьэм.

Зэпеуэм хэтыну къызэхуэса командэхэм зэхъэзэхуэм и Іыхьэ щхьэхуэхэм зыщыхуагъэхьэзыр Іуащхьэмахуэ лъапэ и къырхэм. Ар апэ Іыхьэм хыхьэу зэфІагъэкІын хуей кьалэн нэхъ гугъу дыдэхэм ящыщщ. Дзэм хэтхэр кьапэщыт лъэпощхьэпохэм щхьэдэхьн хуейщ я фащэкІи, я Іэщэкіи зэщІэуэздауэ.

«Іуащхьэмахуэ и уэрдыхъу-2020» зэпеуэм и дунейпсо Іыхьэм Урысейм и цІэкІэ хэтщ хьэуа десантыдзэм и командэр. Апхуэдэ пщІэр абы кьихьащ, Урысей командэхэм я зэпеуэм бжьыпэр щиуфыдри.

***КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущапльэ.***

# Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

**2020 гъэм и II мазищым цІыхур псэун папщІэ нэхъ мащІэ дыдэу зыхуей ахъшэр зыхуэдизыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ис социально-демографие гуп нэхъыщхьэхэм ятещІыхьаУэ гъэувыным и Іуэхукіэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

***2020 гъэм шыщхьэуІум и 17-м*** ***Налшык къалэ***

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэун папщІэ цІыхур нэхъ мащІэ дыдэу зыхуейм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №30-РЗ-м, 2005 гъэм накъыгъэм и 18-м кьащтам, и 4-нэ статьям и 1-нэ Іыхьэм ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ цІыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкІэ кьащхьэщыжьынымкІэ и министерствэм къызэригъэлъэгъуам ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэун папщІэ цІыхур нэхъ мащІэ дыдэу зыхуейр 2020 гъэм и II мазищым ику иту сом 12576-рэ, лэжьэфыну цІыхухэм папщІэ - сом 12998-рэ, пенсионерхэм папщІэ - сом 9679-рэ, сабийхэм папщІэ - 13815-рэ хьуэу гъэувын.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі**
**МУСУКОВ Алий**

# Къэбэрдей-Балъкъэрыр ящыщщ узыншэу псэуным гулъытэ нэхъыбэ щыхуащІ щІыналъэхэм

**«Роспотребнадзор»-м къызэритамкІэ, цІыхум и узыншагъэм зэран хуэхъу хьэл мыхъумыщІэхэм зыщыздыдзейхэр нэхъыбэу щыпсэур Кавказ Ищхьэрэ щІыналъэрщ, абы Къэбэрдей-Балъкъэрри яхэту**.

ЭКСПЕРТХЭМ къызэралъытамкІэ, тутынхэкІхэмрэ фадэмрэ нэхъ мащІэ дыдэу зыгъэкІуэщІхэм я деж бжьыпэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыгъщ, абы кІэлъокІуэ Къэрэшей-Шэрджэсыр, Шэшэныр, Дагъыстэныр, Ингушыр, Осетие Ищхьэрэр. Апхуэдэуи я узыншагъэм зэран хуэхъу хьэпхэр, ерыскъыкІи зэмылгуэзэк цІыхухэр щынэхъыбэхэм хабжащ Къалмыкъыр, Чукотскэ автономнэ областыр, Алтай, Тыва Республикэхэр.

***КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущапльэ.***

# Къэбэрдей-Балъкъэрым сом мелуани 132,2-рэ къыхуауатІыпщ

**Урысейм щыщ егъэджакІуэхэм классхэм я унафэщІу зэрылажьэм папщІэ мазэ къэс ират ахъшэм иджыри сом мелуан 212,8-рэ щІагъунущ. Абы теухуа унафэм Іэ щІидзащ къэралым и Правительствэм и Унафэщі Мишустин Михаил. Къэбэрдей-Балъкъэрым а мурадым трагъэкІуэдэн папщІэ сом мелуани 132,2-рэ къыхуауатІыпщынущ**.

КЪЫЗЭРЫХАГЪЭЩАМКІЭ, а Іуэхум мыльку щхьэхуэ щІыхуахьар класс унафэщІ кьалэнхэр зыгъэзащІэхэм я бжьыгъэр мы гъэм и фокІадэм къыщыщІэдзауэ нэхъыбэ зэрыхъунурщ. Псори зэхэту а къэрал дэІэпыкъуныгъэм 2020 гъэм хуэзэнущ сом мелард 24,73-рэ.

Ахъшэр егъэджакІуэхэм хущІагъу Урысейм и Президент Путин Владимир пщэрылъ ящаэзрыщищІам ипкъ иткІэ. Класс унафэщІым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ егъэджакІуэ псоми мазэ къэс сом мин тхурытху иратынущ я улахуэм щыгъуу. Абы къыдэкІуэу егъэджакІуэхэм нэхъ пасэу хуагъэува щыналъэ компенсацэхэри къахуэнэжьынущ.

Классхэм я унафэщІхэмрэ егъэджакІуэхэмрэ апхуэдэ гулъытэ зэрагъуэтым я лъэр нэхъри жан ищІынущ икІи я лэжьыгъэм нэхъри егугъуныкІи сабэп хъунущ.

***КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущапльэ.***

# Налшык и пІалъэр къэмысу щатынущ яслъэр щылэжьэну унэр

● Хъыбар гуапэ

**КЪБР-м и къалащхьэ Налшык дэт прогимназие №52-м къыпащІыхь яслъэ ныбжьым ит сабийхэм щакІэлъыплъыну Іуэхущапльэр**.

А ЛЭЖЬЫГЪЭХЭР ирагъэкІуэкІ Къэбэрдей-Балъкъэрым «КЪБР-м егъэджэныгъэ Іэнатіэм зыщегъэужьын» и къэрал программэмрэ «ЦІыхубзхэр Іэнатіэкіэ къызэгъэпэщын - илъэсищ иримыкъуа сабийхэр щаІыгъыну Іуэхущапльэхэр ухуэн» федеральнэ проектымрэ ящкъ иткІэ. Ахэр хохьэ «Демографие» лъэпкъ проектым.

КЪБР-м ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммуналнэ хозяйствэмкІэ и министр Бэрбэч А. Хь. зэрыжиІамкІэ, ухуэныгъэр йокІуэкІ зэращІылІауэ щыта зэгурыІуэныгъэм къыщыгъэлъэгъуа пІалъэм ипэ иту. Апхуэдэуи абы къыхигъэщащ пэжьыгъэм и фІагъыкІи дагъуэ зэрыхуамышІыр.

Проектым ипкъ иткІэ, унэм дэтхэнэми сабий тІощІ хэту гупитІ щІэзэгъэнущ. Мардэм къызэригъэувым хуэдэу, дэтхэнэ гупми иІэнущ зы пэшышхэу, щыжеину, сабийхэр щахуэпэну-щатІэщІэну щыпІэ, шхапІэ, зытхьэщыпІэхэр. Къимыдэкіэ, яслъэм хэтынущ медицинэ, методикэ пэш, щІыхьэпІэхэр, пэІущІэ пэшышхэу, сабийхэм я Іэпкъльэпкъым зышграгъэукъуэдиину зал.

***КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущапльэ.***

# Табыхъу Мадинэ къыхилъхьа жэрдэмыр

**Шыщхьэуіум и 17-м КЪБР-м и профсоюз Іуэхущапльэхэм я зэгухьэныгъэм и пэшышхуэм щекІуэкІащ щІалэгъуалэр я щІэныгъэкІэ щыщэпеуэ «Сыт? Дэнэ? Дапщэщ?» джэгур**.

АБы хэтащ республикэм и еджапІэ нэхъыщхьэхэмрэ курыт щІэныгъэ щрат еджапІэхэмрэ щІэс ныбжьыщІэ 50-м нэблагъэ.

Джэгу-зэпеуэр къызэрагъэпэщащ студентхэм я щІэныгъэмрэ къэухьымрэ зрагъэгъэхъуэн, зрагъэужьын мурадкІэ.

Акъыл зэпеуэм и упщІэхэр теухуауэ щытащ псалъэжьхэм, цІыху цІэрыІуэхэм я жьІэгъуэхэм, тхыдэм, спортым, псалъэ щэрыуэхэм, нэгъуэщІ куэдми.

А Іуэхур зи жэрдэмыр Табыхъу Мадинэщ. Ар къызэригъэпэщын щхьэкІэ 2019 гъэм абы ахъшэ саугъэт къыщыхуагъэфэщащ Кавказ Ищхьэрэм ис щІалэгъуалэм я «Мэшыкъуэ» зэпеуэм. Абы къыхилъхьа проектыр даІыгъащ Къалэн куэд щызэфІагъэкІ центрым, «КЪБР-м волонтёр Іуэхум зыщегъэгъуэжь ресурс центрым», Къэрал, жьІагъуэ Іуэхущапльэхэм я лэжьакІуэхэм я урысейпсо профсоюзым и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэм.

Проектыр Іыхьищу гуэшауэ гъэзэщІэным теухуат. Апэр - ищхьэкІэ зи гугъу ттщІа «Сыт? Дэнэ? Дапщэщ?» акъылжан зэпеуэр республикэм курыт щІэныгъэ щрагъэгъуэт и еджапІи 6-мрэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрату щымрэ я студентхэм ятещІыхьауэ егъэкІуэкІыныр. ЕтІуанэ Іыхьэм деж абыхэм ящыщу текІуахэм я щІыналъэ зэхъэзэхуэр къызэрагъэпэщынущ. Апхуэдэуи проектым ипкъ иткІэ «Интеллект в игре» щІалэгъуалэ клуб къыщызэІуахыну я мурадщ. Псори зэхэту мы Іыхьэм щІалэгъуалэ 535-рэ къызэщІеубыдэ.

**БАГЪЭТЫР Луиз**.

# Бахъсэн щІыналъэм мыІэрысэхэр къыщрахьэлІэж

**КЪБР-м и Бахъсэн щІыналъэм еужьэрэкІыу мыІэрысэхэр къыщыпачыж икІи ахэр хуэмапІэхэм щІалъхьэ**.

«БАХЪСЭН и жыг хадзэхэр» жэуап зэхэгъэщхьэхуэкІа зыхь зэгухьэныгъэм и пхъэщхьэмыщхьэ хуэмапІэм иджыпсту ирагъашэ «Гала» мыІэрысэ лІэужьыгъуэр. ЗэрыхуагъэфащэмкІэ, дыдэсэу мы гъэм кьрахьэлІэжьнущ тонн 1800-рэ.

Мы зэгухьэныгъэр мыІэрысэ гъэкІыныжьмкІэ бжьыпэр зыІыгъэм ящыщщ. Абы ткІупс зырызурэ псы зыщІагъэхьэ, уэм щыІэхьхуэмэ сетхэхэр зыщхьэщыт жыг хадзэр гектар 524-м щегъэжІ. Мэкъумэш Іуэхущапльэшхуэм иІэщ республикэм щынэхъ ин дыдэ щІыІалъэхэр. Абыхэм зэуэ щахъумэфынущ пхъэщхьэмыщхьэ тонн 24-рэ. Мы гъэм абы щІагъэзэгъэну я мурадщ мыІэрысэ тонн 17.

Пхъэщхьэмыщхьэ гъэтІылъхьапІэм апхуэдэуи иІэщ ахэр щызэхадз комплекси.

Къыхэдгъэщынщи, Урысей псор къапщтэмэ, Бахъсэн муниципальнэ щІыналъэм и закъуэщ жыгыр хэсэным деж къыщыщІэдзауэ абы пыща адрей лэжьыгъэ псори - къэкІыгъэхэм якІэлъыплъынри, пхъэщхьэмыщхьэхэр кьехьэлІэжьнымрэ хуэмэныри, ахэр щэнри - зэкІэлъызыгъэкІуэф Іуэхущапльэ зиІэр.

**УЛЫМБАЩ Лерэ**,
*Бахъсэн щІыналъэ администрацэм и пресс-Іуэхущапльэм и лэжьакІуэ.*



# Хъыбарыншэ хъуахэр къалъыхъуэж

**2020 гъэм и гъатхэпэм «ЦІыхубз проект» фондым Президентым и саугъэтхэр зыт Іуэхущапльэр и дэІэпыкъуэгъуэ, лэжьэн щІрагъэдзащ Хэку зауэшхуэм зи Іыхьлы хэкІуэдахэмрэ абы хъыбарыншэ щыхъуахэмрэ я хъыбарым лъыхъуэхэм къабгъэдэкІ тхыгъэм хэплъэну урысейпсо центрым - «Хъыбарыншэу зауэм хэкІуэда лІыхъужьхэм я натІэ хъуар гъэбелджылын» цІыхубэ проектым**.

ІУЭХУР къызэрагъэпэщащ хъыбарыншэу зауэм хэкІуэда псоми я гъащІэр зэрыхъуар къэхутэжьнымкІэ цІыхухэм щІэгъэкъуэн яхуэхъун папщІэ, апхуэдэуи я Іыхьлыхэм ятеухуа хъыбар кьаІэрыхьэн щхьэкІэ - Хэку зауэшхуэм хэтауэ, хэкІуэдауэ е а илъэсхэм хъыбарэхэр хъуауэ щытмэ.

Проектым ипкъ иткІэ «ЗауэлІыр къэгъуэтын» онлайн-сервисыр (poisk.proektnaroda.ru) мэлажьэ. Абдеж цІыхухэр пщІэншэу щыщІэупщІэ хъунущ Хэку зауэшхуэм хэта я Іыхьлым и хъыбарым. КъищынэмыщІауэ, а Іуэхум теухуауэ цІыхуэхэр здэпсалъэ хъуну телефон щыІэщ: 8 800 300 68 97.

**КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу**.

# Ди щIыналъэр ящыщщ Урысеймзыщыбгъэпсэхуну нэхъ щышынагъуэншэ и щIыпIэхэм

**ЦIыхуэхэр зыплъыхьакIуэ щэнымкIэ центрым и IэщIагъэлIэжм наIуэ къащIащ Урысей Федерацэм зыщыбгъэпсэхуну нэхъ щышынагъуэншэ и щIыналъэхэр - ахэр Москвар Московскэ областымрэщ.**

АПХУЭДЭУИ Калужскэ, Владимирскэ, Смоленскэ, Рязанскэ, Липецкэ, Тамбовскэ, Пензенскэ, Волгоградскэ областхэри хагъэхьащ апхуэдэ щIыпIэхэм. Коронавирус узыфэ зэрыщIалэм земыгъэубгъуным хуэгъэза мардэхэм а щIыпIэхэм тKIийуэ щытетщ пандемием и хабзэхэр щагъуэва апэ махуэхэм щегъэжьауэ. Иджыпсту ахэр хуэхьэзырыд а щытыкIэм кьикIыжьпэным, я щIыналъэхэр къэрал кIэуцI туризмэм хуэзIуахыжыным.

Зыщыбгъэпсэхуну нэхъ кьеэзгъэм ящыщу апхуэдэу кьагъэлъэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Марий Эл, Адыгей, Ингуш, Шэшэн республикэхэр, БайкалщIыб крайр, Сахалинскэ областыр, Чукотскэ автономнэ округыр. Тенджыз Iуфэ зыгъэпсэхуIэхэр зиIэхэм ящыщу Краснодар краймрэ Кърымымри хагъэхьащ уи нэгу зыщебгъэужьыну щышынагъуэншэ щIыпIэхэм.

***КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапl э.***

# Унагъуэм и махуэр ягъэлъапIэ

**Налшык къалэ администрацэм и унэм иджыблагъэ щагъэлъэпIащ Унагъуэм, лъагъуныгъэм, пэжыгъэм я дунейпсо махуэр. Махуэшхуэм кьрагъэблагъат илъэс 25-рэ хъуауэ зэдэпсэу унагъуэхэр. Лъагъуныгъэм, пщIэм, нэмысым теуха гуфIэгъуэ зэхуэсыр кьыдзэригъэпэщат Налшык къалэ администрацэм, КъБР-м и ЦIыкубзэхэм я зэгуэхьэныгъэм, ЗАГС-м и лэжьакIуэхэр дэщIыгъуу.**

НЭХЪАПЭМ бадзэуэгъуэм и 8-м ягъэлъапIэу щытамэ, мы гъэм ар коронавирус уз зэрыщIалэм и зэранкIэ шыщхьэуIум и 19-м кьагъэIэпхъащ. Кьызэхуэсахэм хъуэхъу псалъэхэмкIэ зыхуагъэзащ Налшык къалэ администрацэм и унафэщI Ахъуэхъу Таймураз, ЗАГС-м унафэщI Шэру Валентинэ, ЦIыкубзэхэм я зэгуэхьэныгъэм и гуащэ Къаскъуэл Iуулият сымэ.

- Мамырыгъэ, насып дэтхэнэми фIиэну си гуапэщ. Ди республикэм ис унагъуэхэм лъагъуныгъэ, зэгурыIуэныгъэ, пщIэрэ нэмысрэ ильыну сохъуэхъу, - жIащ Ахъуэхъу Таймураз.

Шэру Валентинэ и псалъэхэм кьыхигъэщащ фIыуэ плъагъуу, пэжыгъэ уи зэхуаку дэлъу, ухуэсакъыу псэкIэ ппэгъунэгъу цIыху уиIэныр гурыщIэ псоми нэхърэ зэрынэхъ лъапIэр, унагъуэ быдзэр екъуIэныгъэфхэм я лъбжьэу зэрыщыытыр.

Хабзэ зэрыхъуам тету, «Лъагъуныгъэмрэ пэжыгъэмрэ папщIэ» медалыр ираташ щапхъэгъэлъапIэуэу, илъэс куэд щIауэ я жьэгу мафIэр мыужьыхьыу зэдэпсэу унагъуэ 20-м. ЗэIущIэм и кIэм псоми зэгъусэу сурэт зытраГъэхащ.

**ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.**

● Тхьлтъыщ Iэ

# Тамбовскэмрэ Акъбащ Ищхъэрэмрэ

**Налшык дэт Котляровхэ я тедзапIэм «Тамбовскэмрэ Акъбащ Ищхъэрэмрэ» тхылъыр кьыщыдэкIащ.**

ТХЬIПЪIР зи Iэдакъэщэкl Бесльэней Владимир ущыыпуэу Тэрч щIыналъэм и тхыдэтхкIэ уеджэ хъунущ. Дривгъаплъат абы иужьрей лIэщIыгъуэ пIланэм и кIыхьакIэ кьыдигъэкIа тхылъхэм я фIэщыгъэхэм: «Малая Кабарда»; «Малокабардинцы на фронтах Великой Отечественной войны 1941 - 1945 гг.»; «Город Терек. История и современность»; «Под сенью древнего Джулата»; «Новая Балкария в документах и судьбах»; «Тайна долины Заманкула»; «Урожайное. Страницы истории. XVII - начало XX в.»; «Партизанскими тропами»; «ОАО «Терекалмаз»; «Этапы большого пути»; «Малая Кабарда в годы становления и развития социализма».

Иужьрей илъэс зыбжанэм Котляровхэ я тедзапIэм Бесльэней и IэдакъэщэкlэкI кьыщыдэкIащ Тэрч районым ит къуажэхэм я тхыдэр: «Инаркой. Страницы истории XVIII - начало XXI в.»; «Нижний Курп. История и современность. XVIII-XXI вв.».

Владимир ноби лэжьыгъэщIэ утыку кьрихьащ. Ар теуухуащ 1856 гъэм Тамбов губернием кIыIэпхъыкIахэм ящхуа къуажэмрэ 1921 гъэм Инарыкъуей кьыжэкIахэм ящхуа Акъбащ Ищхъэрэ къуажэмрэ я тхыдэм.

Тхылъым жьыуи щIэуи сурэт куэд ихуащ, ар гъэнщIащ къуажитIым кьыдэкIа цIыху цIэрыIуэхэм, зауэм хэта лIыхьжьхъэм ятеуха хъыбархэмкIэ.

Тхылъым и жинтыр Iувщ, и бжыгъэр 400 мэхъу.

**КОТЛЯРОВ Виктор,**
*тхылъ тедзапIэм и редактор нэхъыщхьэ.*

# БАРАЗБИЕВ Исмэхьил Хьэрун и къуэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэ IэнатIэм хэщIныгъэшхуэ игъэтащ. Дунейм ехьажащ УФ-м щыхъ зиIэ и артист, КъБР-м и цIыхубзэ артист Баразбиев Исмэхьил Хьэрун и къуэр.

Баразбиев Исмэхьил Хьэрун и къуэм и гъащIэ поэр триухуащ щэнхабзэмрэ гъуэзджэмрэ яхуэлажьэным.

Ар Налшык къалэм кьыщалъхуащ 1938 гъэм фокIадэм и 20-м. Балъкъэр лъэпкъыр адэжь щIыналъэм къэкIуэжа нэужь Баразбиевыр щIэтIысхьащ Щепкиным и щэр зэрихьэу Москва къалэм дэт Театр училищэм. Актёр Iэщ Iагъэм щыхуагъасэ факультетым и егъэджакIуэ щIэрыIуэхэу Пашенная В. Н., Дейкун Л. И. сымэ я деж щIэныгъэ щызригъэгъуэтащ абы. 1963 гъэм а еджапIэ нэхъыщхьэр кьиухри, республикэм кьигъэзэжащ. А зэманым еджапIэм кьыщIэкIахэм кьалащхьэм диплом лэжьыгъэ спектаклищ кьыздрашьжат. Шекспир Уильям и «Отелло»-м Лодовикэу, Лавренёв Борис и «Тенджыным тетхэм папщIэ» пьесэм кьытращIыкIа спектаклым Харитонов капитану щыджэгащ, Островский Александр и «Уэлбанэшхуэм» Дикой и ролыр щигъэзэщIащ.

Щоджэнцыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал драмэ театрым и утыкум абы роль гъэщIэгъуэн куэд щигъэзэщIащ. Куэдым ягу кьинэжаехм ящыщу къэбгъальэгъуэ хъунущ Сотуаев А. и «Хъэжэ» комедиеми кьытращIыкIа спектаклым Нарседдин Хьуэжэ и ролыр зэрыщигъэзэщIар (режиссёрыр Моисеев Г.). Кулиев Кьайсын и «ЦIыпIэ лъагъуныгъэ» пьесэм кьытращIыкIа спектаклым ар Азнору щыджэгуащ, Мамеев Ибрэхьим и «Уэгъэ хъуа кьурш бжэным» пщыуэ, Боташев Исса и Iэдакъэщ Iэкl «Бгъэхэр лъагапIэрщ кьызыхуигъэщIар» пьесэм кьурышым щылажьэ инженер Виктору, Гоголь Николай и «Фызышэм» Анучкину хэтащ. Езы актёрым зэрыжиIэу щытамкIэ, нэхъыфI дыдэу илъагъуэм ящыщт кьэрэщей тхакIуэ Бабоев Сапар и «Ачемез» пьесэр и лъабжьэу а цIэ дыдэр иIэу ягъэува спектаклым хэт Ачемез и ролыр.

Баразбиевыр сэфэт куэдым ихьэрт икIи и дэтхэнэ зи ролри кьиджэгу кьудей мыхъуу, и гум кьыбгъэдэкIыу апхуэдэт. Арат абы и зэчийм, и Iэзагъэм, утыкум щиIэ зэфIэкIым я щэхур зыхэлъыр. ЖьпIэну урикъуну кьыщIэкIыжа Баразбиевым утыкум роль 80-м нэблагъэ зэрыщитIэр икIи абыхэм ящыщ дэтхэнэми КъБР-м и щэнхабзэм хуэфащэн увыпIэ зэрыщагъуэтар, ахэр абы и дыщэ гъэтIылъыгъэхэм ящыщ зэрыхъуар.

Баразбиев Исмэхьил киноми роль зыбжанэ щигъэзэщIащ. Москва щыщеджа зэманым ар хэтащ «Ахэр кьуэкIыпIэмкIэ кIуэрт» фильмым (1964 гъэ), 1991 гъэм траха «Азиятфильмым Исмэхьил пщыуэ щыджэгащ, «ГъащIэм и гъунэм кIуэ гъуэгум» (1995 гъэ) профессор Алихьан и ролыр щигъэзэщIащ.

Театрым щылажьэурэ Исмэхьил кьиухащ Театрым, макъамэмрэ кинематографиемкIэ институту Ленинград дэтым и административнэ факультетыр. Илъэс зыбжанэ дэкIри, ар ирагъэблэгъащ Горькэм и цIэр зезыхьэ Урыс къэрал драмэ театрым. Абы щыщыдлэжьа зэманым Баразбиевым кьызэригъэпэщащ къэралым и актёр цIэрыIуэ куэдым щалIущIэ пшыхь гуимыхужкэр.

1989 - 1994 гъэхэм ар лэжьащ Кулиев Къ. и цIэр зезыхьэ Балъкъэр къэрал драмэ театрым и унафэщIу. Налшык къалэ администрацэм щэнхабзэмкIэ и къудамэм и унафэщIуи щытащ. А зэманым абы и нэIэ тету кьызэрагъэпэщауэ щытащ Республикэ гуащэ театрыр.

1998 гъэм Барасбиев Исмэхьил зигъэпсэхуну тIысыжащ. Ауэ абы иужькIи ар хуэлэжьащ щIыналъэм ифI зыхэлъ Iуэхущхэм. Илъэс зыбжанэкIэ «НОТР» телеканалым и редактору щытащ, 2012 гъэм ар хахауэ щытащ Налшык къалэ округым щIыпIэ самоуправленэмкIэ и советым и етхуанэ зэхуэсыгъэм и депутату.

ЦIыху псэ къабзэм, артист зэчийфIэм и фэеплъыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэухэм ящыгъупщэнкъым.

***КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэр, КъБР-м и Театр лэжьакIуэхэм я зэгуэхьэныгъэр.***

● Альпинизм

# Гъунапкъэм йокIуэлIапэ

**Дызэрыщыгъуаэзщи, Совет Союзыр лъэлъэжа иужькIэ, Кавказ Щытх Нэхъыщхьэм хьыхь лъагапIэхэм зэрыдэкI лъагъуэхэм ярикIуэныр альпинистхэм щрагъэгъэтауэ щытащ. Иджы мис, абыхэм ящыщу 40-м нэблагъэр ди республикэм къыщызэIуахьыщ. А Iуэхугъуэр къыхигъэщащ КъБР-м туризмэмкIэ и министр Щоджэнцыкlу Мурат, иджыблагъэ иригъэкIуэкIа пресс-конференцым къыщыпсалъэм.**

-УРЫСЕЙ Федерацэмрэ Куржымрэ кьуршылъэхэмкIэ щалэ я гъунапкъэм метри 100-м кьурибыдзу ди лъэныкъуэмкIэ декIуэкI щыпIэ зызыкъуэудиям цIыху ирамыгъэхьэжу кьызэраублэрэ илъэс пщIы бжыгъэхэр блэкIат. АтIэми, абдежэрат здэщыIэр Кавказ Щыт Нэхъыщхьэм къедза бгыщхьэ аранэ нэхъ цIэрыIуэ дыдэхэр. Ауэ щыхъуэкIи, ди республикэм и кьурушлъэ щыпIэхэм щызэхэзекIуэу щыта альпинистхэм я нэхьыбапIэм ди гъунэгъу Куржымкlэ зрагъэзэкIын хуей хъуат. Иджы мис, Урысей Федерацэм и ФСБ-м деж кьыщызэIуаха гъунапкъэхъумэ Iэхъущ Iапl эм и Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ и къудамэм и унафэщIым и кьалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ Бобров Дмитрий зэрыжиIэмкIэ, лъагъуэжьхэм ящыщу 39-р кьызэрызэIуахьыжрэ куэд дэмыкIами, альпинист 30-м щIигъум ираташ Кавказ Щыт Нэхъыщхьэм и лъагапIэхэм нэсыну хуитныыгъэ зэрапэмкIэ тхылъэр.

- Ялэу зыкъытхуэзыгъэзахэм кьыхахха лъагъуэхэр Джанги-Тау, Къуэкlыпlэмкlэ щыIэ Щхъэрэ, Ляльвер, Шхельдэ, Щуровскэм и аранэ лъагапIэхэращ зыкIэрыхьэр. Ауэ щыхъуэкIи, дэ кьызэрытлъытэмкIэ, мы гъэм кърикIуэнум дигъэлъагъунущ къэдгъэунэхужа зекIуапIэхэм ящыщу дэтхэнэм нэхъ щIэупщIэ иIэнуми, мыхьэнэ ин зимыIэу кьыщIидзыжынури. АтIэми кьыжьалIапхъэщ, къэрал гъунапкъэм и гъунэгъу кьызэIутхыжа лъагъуэхэм ярикIуэным, ди гъапэ зэрыхъуцри, турист кьызэрыгуэкIэхэри зэрыдихьэхыр. Апхуэдэу, абыхэм ящыщу, бадзэуэгъуэм - цIыху мин 16-м щIигъум, дызэрыт мазэм зэрыщIидзэрэ - мин 20-м нэблагъэм зи гугъу тщIы бгылъэ щыпIэхэм зыщагъэпсэхуну хуитныыгъэ зэрапэмкIэ тхылъхэр яIэрыдгъэхьащ. ЩIыгъужьпхъэщ, бгъэдыхьэпIэ зыхуагъуэтыжа лъагапIэхэм я лъабжьэм щIэта альплагерхэу «Безенги», «Шхельда», «Уллу-Тау» зи фIэщыгъэхэм лэжьэн зэрыгарзэжьэжари, - кьыхигъэщащ Бобров Дмитрий.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**

# Мы махуэхэм

**Щыщхьэуiум и 22,**
*щэбэт*

**♦Зи диныр, нэгъуэщI зи фIэщхьуныгъэхэр зыпаубыду залымыгъэ зыкIэлъызэрахьаэр, абы зи гъащIэр хэзылъхьаэр ягу къыщагъэкIыж дунейпсо махуэщ**

**♦Урысей Федерацэм и Къэрал ныпым и махуэщ.** 1991 гъэм РСФСР-м и Совет Нэхъыщхьэм и зи мычэзу сессием унафэ кьыщтащ Урысейм и иджырей ныпыцIэр - хужь-щыхужплъыжь пльыфэхэу зэгуэлъыр - къэралым и дамыгъэу къэлъытэным теухуауэ. Нэхъ иужькIэ, 1994 гъэм щыщхьэуIум и 20-м, УФ-м и Президентым Iэ щIидзащ «Урысей Федерацэм и Къэрал ныпым теухуауэ» унафэм.

**♦Коми Республикэм и махуэщ.** 1921 гъэм РСФСР-м хьыхьэу кьызэрагъэпэщащ Коми (Зырян) автономнэ областыр.

**♦1663 гъэм** Урысейм и пащтыхь Романов Алексей унафэ кьыдигъэкIащ ахъшэ нэпцI зыщIхэр, я унагъуэхэри ящIыгъуу, Сыбрым щыпсэуну ягъэкIуэну тезыр ятелъхьэным теухуауэ.

**♦1864 гъэм** къащтащ ялэ Женевскэ конвенцэр. Апхуэдэу плIы щыIэщ. Зауэ щекIуэкIкIэ гъэр, уIэгъэ хьуэм ятелъ гугъуехьэр ящыгъэпсынщIэным, апхуэдэхэм цIыхугъэ якIэлъыэхьэным хуэгъэпса хабзэхэр щыубзыхуа дэфтэрщ ар.

**♦1865 гъэм** Инджылызым щыщ Шепервд Уильям сабын гъэткIуа кьызэригупсысам щыхьэт техьуэ тхылъ кьратащ.

**♦1880 гъэм** Урысейм щыяпэу Санкт-Петербург щаутIыпщащ электрокъарукIэ лажьэ трамвайр.

**♦1910 гъэм** Японием залымыгъэкIэ Кореер зыгуигъэхьащ. Совет-япон зауэм и зэманым (1945 гъэм) Дзэ Плъыжьым хуит къыщIыжьауэ щытащ а къэралыр.

**♦1937 гъэм** КIыщокъуэ Алим и адэ Пщымахуэ дунейм ехьжащ.

**♦1942 гъэм** Челябинск къалэм дэт Кировскэ заводым куэду къыщыщIагъэхкIыу щIадзащ Т-34 танкыр.

**♦1959 гъэм** Тэрч къалэ щатащ налмэс Iэмэпсымэхэр къыщыщIагъэкI завод.

**♦1990 гъэм** Тыркумэн ССР-м и Совет Нэхъыщхьэм унафэ кьыщтащ и къэрал суверенитетым теухуауэ.

**♦1990 гъэм** ялэу эфырым къыхьащ къэрал унафэм щIэмыт «Эхо Москвы» радиостанцыр.

**♦2012 гъэм** Урысейр Дунейпсо сату зэгуэхьэныгъэм хьыхьащ.

♦Совет футболист, Москва и «Спартак»-м командэм и ялэ капитану щыта, СССР-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер **Старостин Александр** кьызэралъхурэ илъэси 117-рэ ирокъу.

♦Америкэм щыщ тхакIуэ-фантаст цIэрыIуэ **Брэдбери Рэй** кьызэралъхурэ илъэси 100 ирокъу.

♦Экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Къущхьэ Iэбу** кьызэралъхурэ илъэс 93-рэ ирокъу.

♦Совет актрисэ, РСФСР-м и цIыхубз артисткэ **Скобцева Иринэ** и ныбжьыр илъэс 93-рэ ирокъу.

♦Урысей актёр, Тэтэрстан Республикэм щIыхь зиIэ и артист, УФ-м и Къэрал саугъэтыр зрата **Башаров Марат** и ныбжьыр илъэс 46-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфаеу щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх кьыщешынущ. Хуабэр махуэм градус 18 - 19, жэщым градус 13 - 15 щыхьунущ.

**Щыщхьэуiум и 23,**
*тхьэмахуэ*

**♦Гъэрхэмкlэ сату щыным хэкIуэдахэм я фэеплъыр щагъэлъапIэ дунейпсо махуэщ**

**♦Урысейм и дзэ щIыхьым и махуэщ** - 1943 гъэм СССР-м и Дзэ Плъыжьым Курск и деж нэмыцI-фашистыдзэр щызэрикъутащ.

**♦Белоруссием щагъэлъапIэ Къэрал статистикэм и лэжьакIуэхэм я махуэр**

**♦Украинэм и Къэрал ныпым и махуэщ**

**♦1382 гъэм** Урысейм артиллерие дзэхэр кьыщызэрагъэпэщащ. Ахэр ялэу кьагъэсэбэпащ Тохъутэмыщ хъаныр Мэжкуу щытеуам щыгъуэ.

**♦1924 гъэм** Франдзым кьыщызэрагъэпэщащ «Монако» футбол клубыр.

**♦1935 гъэм** СССР-м и ЦIыхубз комиссарэхэм я советымрэ Компартым и ЦК-мрэ унафэ къащтащ Кремлым и чэщанэхэм щхьитI зыфIэт бгъэхэр кьытехауэ къуапитху зиIэ вагъуэхэр тегъэуэвэным теухуауэ. Абы пIалъэ пыухкIаи хуагъэувет - Октябрь революцэ Иным и махуэр щагъэлъапIэ щэкIуэгъуэм и 7-м и пэ кьихуэу а лэжьыгъэр зэфIэкIауэ щытын хуейт.

**♦1939 гъэм** Iэ традзащ Молотовымрэ Риббентропрэ я зэгурыIуэныгъэ цIэр иIэу тхыдэм хьыхьа дэфтэрым. Абы кьыщыгъэлъэгъуат Совет Союзымкlэ Германиемрэ зыр адрейм темыуэным хуэунэтIауэ кьалэн зыщащыжхэр.

**♦1942 гъэм** нэмыцI кхъухьлъатэхэм Сталинград «лагъым уэшх» щрагъэшхащ. Абдеж къыщежьащ кьалэр бийм щыхьымэным хуэунэтIа зауэшхэр.

**♦1943 гъэм** советыдзэхэм Харьков кьалэр нэмыцI-фашистыдзэхэм кьыIэщIагъэкIыжащ.

**♦1955 гъэм** Череповец къалэм лажьэу щаутIыпщащ гъущI щагъавэ заводышхэр.

**♦1959 гъэм** США-м и Правительствэм унафэ ищIащ я къэралым и курыт школ 400-м урысыбзэр щаджыным теухуауэ.

**♦1975 гъэм** Харьков къалэм метром лэжьэн щыщIидзащ.

**♦1990 гъэм** Армян ССР-м и Совет Нэхъыщхьэм унафэ кьыщтащ СССР-м кьызэрызэхьыжьым, езыр къэралгъуэ щхьэхуэу зэрыщытым теухуауэ.

**♦1991 гъэм** Ельцин Борис къыдигъэкIа унафэм ипкъ иткIэ, КПСС-м и иригъэкIуэкI лэжьыгъэмрэ «Правда» газетыр къыдэгъэкIынымрэ къэралым кьыщызэтрагъэувыIащ.

**♦1992 гъэм** ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академиер къызэрагъэпэщащ.

♦Урысей император **Иван VI** кьызэралъхурэ илъэс 280-рэ ирокъу.

♦Урыс тхакIуэшхуэ **Грин Александр** (и цIэ-унэцIэ щыхьэ **Гриневский Александрщ**) кьызэралъхурэ илъэси 140-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Шортэн Даниткэ** кьызэралъхурэ илъэс 94-рэ ирокъу.

♦Къэрал къулыкъущIэ, Шэшэн Республикэм и ялэ президенту щыта **Кадыров Ахьмэт** кьызэралъхурэ илъэс 69-рэ ирокъу.

♦Пшынауэ, УФ-м щIыхь зиIэ и артист, КъБР-м гъуэзджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Хьэпащ Iэ Заудин** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

♦Уэчыл цIэрыIуэ, юридическэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор **Кучеренэ Анатолий** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.

♦УэрэджыIакIуэ, Урысейм щIыхь зиIэ и артисткэ **Апинэ Алёнэ** и ныбжьыр илъэс 56-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 20 - 21-рэ, жэщым градус 13 - 14 щыхьунущ.

**Щыщхьэуiум и 24,**
*блыщхьэ*

**♦Украинэм и щхьэхуитныгъэм и махуэщ.** 1991 гъэм Радэ Нэхъыщхьэм унафэ кьыщтащ Украинэр СССР-м кьызэрызэхIыжьым икIи абы къэралгъуэ щхьэхуэу зыкъызэрилъытэжьым теухуауэ.

**♦Къыргъызым и къэрал кIэуцI дзэхэм я махуэщ**

**♦79 гъэм** Безуэий вулканыр кьыбыргъуKIащ. Абы щIым щыщ ищIауэ щытащ Помпей, Геркуланум, Стабий къалэхэр.

**♦1516 гъэм** Алеппэ (Сирие) ищхъэрэIуэкIэ тыркудзэхэм мысыр адыгэ мамлюкхэм я дзэхэр щызэтрагъуташ, а Iэщ зэмкIэ узэуэныр мызахуагъэу, уеблэмэ щIэпхъаджагъэу иужьрейхэм къалъытэри, топхэр къагъэсэбэпын ядатэкъым.

**♦1758 гъэм** Москва дэт ялэ медицинэ институтыр кьызэрагъэпэщащ. Иджыпсту ар Сеченов И. М. и цIэр зезыхьэ Ялэ Москва къэрал медицинэ университетыр.

**♦1830 гъэм** дунейм ехьжащ Къэбэрдей пщы уэлий хахуэ Жанхъуэт Кушыку.

**♦1853 гъэм** США-м и Нью-Йорк штатым хьыхьэ Саратогэ-Спрингс къалэ цIыкIум и ресторанэхэм ящыщ зым ялэу щагъэжьащ ди зэманым икъуэIэ цIэрыIуэ чипсэр - пIащIабзэу зэтегъэжа кIэртIофыхэм кьыхэщыкIахэр.

**♦1827 гъэм** индустриализацэм и ялэ къэрал займкэр кьыдагъэкIащ.

**♦1904 гъэм** Урысейм унафэ кьыщыдагъэкIащ къуаншагъэ зылъжьа цIыхум тралъхьа тезыр щрагъэпшынкIэ удын традзэну зэрыхуимытым теухуауэ.

**♦1943 гъэм** Кьардэн Кьубатий Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэр къыфIащащ.

**♦1944 гъэм** советыдзэхэм Молдавиер фашистхэм кьыIэщIагъэкIыжащ.

**♦1949 гъэм** къару игъэтащ НАТО-р кьызэгъэпэщыным теухуауэ мэлыжьыхьым Iэ зытрадза зэгурыIуэныгъэм.

**♦1990 гъэм** Таджик ССР-м и Совет Нэхъыщхьэм унафэ кьыщтащ и къэрал суверенитетым теухуауэ.

**♦1991 гъэм** Горбачёв Михаил КПСС-м и ЦК-м и Секретарь нэхъыщхьэ къулыкъум зэрытекIыр хIуцIыкIы ищIащ икIи ЦК-р зэбгрыкIыжьыным къыхуриджащ.

**♦1995 гъэм** Куржым и Конституцэр къащтащ.

**♦2008 гъэм** Пекин щыщхьащIыжащ XXIX гъэмахуэ Олимп Джэгухэр. Ахэр тхуэгугъурлат ди республикэм - Пекин дыщэ медаль кърихауэ щытащ ди бэнакIэ **Хъущт Аслъэнбэч**.

♦Урысей журналист, тхакIуэ, УФ-м и Президенту щыта Ельцин и пресс-секретару лэжьа **Костиков Вячеслав** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

♦Адыгей усакIуэ, зэдзэкIакIуэ **Къумпыл Къадырбэч** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.

♦Урысей космонавт, УФ-мрэ Къырджыз Республикэмрэ я ЛIыхъужь **Шарипов Салижан** и ныбжьыр илъэс 56-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 24-рэ, жэщым градус 13 - 15 щыхьунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКIЭМЫХЬУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Балий хадэ уиIэмэ, бжэндэхъур зищIысыр пщIэнщ.**

# Адыгэ Хасэм и гъуэгуанэ кІыхьыр

*(КІэлъыкІуэр. Пэщіэдзэр №99-м итщ.)*

Адыгэхэр урысхэм нэІуасэ яхуэхъуу, Урысейм и унафэм хэгъэгум хуэмурэ зыщиубгъун зэрыщІидза щыкІэм урилпъэжмэ, гу лъыботэ хасэмрэ урыс пащтыхыьгъуэмрэ зэрызэдэлажьэм зэхъуэкІыныгъэ хуэд кІыэзрыздишам.

Къэбэрдей пащы уэлийхэм *(пщышхуэ, пщы-тхьамадэ)* ятеухуауэ япэу зыгъуэр къыщытІэрыхьэр XVI лъэхъэнэм тепсэлъыхь Іэрытхэмрэ лъэпкъхэр зэрызэтепщыкІыр къэзыгъэльагъуэ дэфтэрхэмрэщ. Абыхэм къыхохуэ, псалъэм папщІэ, пщышхуэ къалэныр зыхьынур Мэзкуу къыщагъэльагъуэу, ар Къэбэрдеим къабыл щащІыжьын хуейуэ зэрыщытар. КъызэрыбгурыІуапхъэр - Мэзкуу къыщыхалъхьа жэрдэмыр зыдэн-зымыдэн политикэ Іэмэпсымэ Къэбэрдеим зэрыщІэрщ икІи абы и хъэтыр Мэзкуу щалъагъуу зэрыщытарщ.

Архив дэфтэрхэм щыгъуазэ дызэращІымкІэ, а зэманм жыжьым щегъэжьауэ пщышхуэу къагъэльагъуэр езым и фІэфІныгъэхІи нэфІ-нелкІи хахыу щытакъым, ахэр пщы Инал къытехъуькІа лакъым щыщу зи чэзум къыІныс ерат. Ятпрауэ, тетыгъэр зыхьылъыс лакъуэр зохагъэкІырт, итІанэ а лакъуэм пщышхуэу щытыну зыхуэфащэр къыщыжьырт.

Адыгэ тхыдэм къыхощ пщы къудамэхэр КІэс жыхуаІэ Инал и адэжьым дэж къызэрыщежьэр. Дэфтэрхэм зэрыжаІэмкІэ, пщышхуэ къалэныр а КІэсым къытепщыкІа лакъуэм (Инал и щІэблэм) щызэІэпахырт, икІи ар адэм къыбгъэдэкІыу къуэм Іэрымыхьэу, къуэш нэхъыщІэм къыІущІэкІмэ, къуэш нэхъыщІэм Іэрыхьэу къеКІуэкІащ. Абы къыхэжьыу, пщышхуэ къалэныр зы лакъуэм зэманыфІкІэ ирихьэкІынкІи хъунут.

ГъэщІэгъуэн дыдэщ «Къэбэрдей лъэпкъыр» («Описание кабардинского народа») зыфІаща, 1748 гъэм дунейм къытехьа лэжьыгъэм Къэбэрдеим унафэр зэрыщызэІэпахым теухуауэ кІуІуатэр:

«Къэбэрдей лъэпкъыр нобэр къыздэсым Инал зи цІэ пщы закъуэм и унафэм щІэту Бахъсэнэрэ абы пэгъунэгъу псыежэхэмрэ я Іуфэхэм щыпсэуащ. Инал къуитху иІащ. Я адэр дунейм ехьжа нэужь, зэкъуэшитхум къэбэрдей лъэпкъыр тху иращыкІащ. Хабзэ зэрахуэхъуауэ, нэхъыщхьэ дыдэу щытыр зэкъуэшхэм я нэхъыжьыр, ар дунейм ехьжмэ, абы къыкІэтлъыкІуэу нэхъыжьыгъэр къызыІэпыс и кІуэш нэхъыщІэм тепщэ къалэныр къыІэрыхьэрт. КІуэш имыІэмэ, унафэр зыІэрыхьэр езым и кІуэ нэхъыжьыр. Дунейм ехьжа я адэм адрей и кІуэхэр а нэхъыжьыгъэр зыІпысам и жьауэм щІэту псэун хуейт, зыхэпсэукІыпхэр тепщэгъуэр зыІпыса я кІуэш нэхъыжьым къариту, езыхэри абы и жьІэм щІэту.

Зы лъэныкъуэкІэ укъыщеплъмэ, ныбжькІэ е укъызыхэкІам ельытауэ, пщышхуэу ущытым къалэныр къыпльыхьэ, зэфІэкІат. Ауэ зи чэзу къэсу апхуэдэ хуитныыгъэ зыгъуэтхэри лъэпкъпсо зэхуэсым, абы къикІыр - Хасэм - къабыл щащІын хуейт, абы щхьэкІэ «Къэбэрдеипсо хасэ» зэхуэшэсырт.

Псалъэм папщІэ, Къетыкъуэ Асльэнбэч дунейм ехьжа нэужь, 1589 гъэм пщышхуэ къалэныр зыхуэфащэ хъуар абы и кІуэш нэхъыщІэ Жансэхэхъуат. Абы теухуауэ урыс дэфтэрым кхъыщокІуэ: «Абы [Жансэхъу] пщы-гъуэр Мэзкуу кхъыщратат, ауэ Къэбэрдеим ар къабыл щащІакъым». ИужькІэ Жансэхъу унафэр кхъэзрыІэрыхьам къегъэльагъуэ Іэхъум зэрызихъужаг. ИтІани, Адыгэ Хасэм Мэзкуу къыщыдэкІ унафэр къабыл имыщІыну хуиту зэрыщытам абы зэфІэкІыу иІам и инагъыр къыбгурегъаІуэ.

Пщыгъуэр лъэпкърэ пІакъуэкІэ, укъызыхэкІа ельытытакІэ къыпльысу щыта щхьэкІэ, уи япэ итыр лІэмэ, тахьтэм занщІэу уашэу утрагъэтІысхьэу зэрыщымытам и щхьэбэту къоув пщышхуэр щыхаам деж «Къэбэрдеипсо чэнджэщ» зэхашэу зэрыщытар.

Апхуэдэ «чэнджэщхэр» урыс дэфтэрхэм япэу кхъыщыхэувэр 1589 гъэрщ. Абы щхьэусыгъуэ уэхэуАри ищхьэкІэ зи гугъу щытщІа Къетыкъуэ Жансэхъу тепщагъуэр кхъызэрыІэрыхьарщ. Дэфтэрым кхъыджеІэ, Жансэхъу дунейм ехьжа и къуэш нэхъыжь Асльэнбэч и бынхэри, езым ейхэри, и къуэшышпхъу бынхэри, езы лъэпкъри и гъуэсу Къэбэрдеим щызэхуэса пщыхэм зэрахуэзам. КърабжэкІ цІэ-унэцІэхэм хуэдэу Мамстрыкъуэр, Уэщкъаныр, Кьундетыр, Хьуэтыр. Абыхэм щыналъэм и адрей уэрхъэмэ абдежьым псалъэ щатащ пащтыхьым и бийхэр езыхэм я бийуэ къалъытэу, ягъэпэжу бгъэдэтыну.

Къэбэрдей тхыдэм урилпъэжмэ, пщы-уэлийм и пщІэм щыхэхъуа лъэхъэнэ щыкІэрыхуаи къыхуихуащ. Пщыхэмрэ уэркъхэмрэ шынагъуэ ящхьэщымыту, езыхэр нэхъ ефІакІуэу щыщІта зэманым щхьэж лъабжьэ быдэр зэрищІыным хущІэкъурт. Абы щыгъуэм Хасэми пщы уэлийми я хьэтырыр нэхъ щыкІут. Бий щамыІэм деж, къэбэрдеипщхэр езыхэм зэпэуВыжьырт, зи акъыл зэтехуэ зыбжанэм езыхэм къагъэмыхьэр зэкъуэм щрагъэІэпхъуКі къахуихуэу. Апхуэдэ дыдэу, тетыгъуэм щІэхъуэпс пщыр къыщхьэщыжьын къиІыхъуэу хамэ къэралхэм щыкІуи кхъэкурт. Аэр я щхьэусыгъуэу къэбэрдей пщы къудамэхэм Урысейм щыгъуГь Іэныкъуэрэ (Бахъсэнхэр) Къырымым щыгугъкІэ (Къэщкъэтауэр) загъэшауэ щытащ. Мы тхыгъэм зи гугъу щытщІыр Хасэращи, а тхыдэ нэпэкІуэцІым зедгъэубгъункъым. Гу зыльытапхъэ закъуэр 1763 гъэм, Мэздэгу быдапІэр щауха лъэхъэнэм пщІондэ, Хасэшхуэм итпрей къарур зэрыбгъэдэмыльыжащ.

ИтІани, жыІапхъэщ пщы уэлийм и къарумрэ Хасэм и хьэтырымрэ зэпхауэ кхызэрекІуэкІар: зыр дэкІуеймэ, адрейри абы кІэлъэщІыхьэрт. Ар щыхьэту къоув Хасэр пщым и унафэм епха зэпыту, езыми ар и унафэр зэрыпхигъэкІ Іэмэпсымэу къигъэщхьэпэу кхызэрекІуэкІамкІэ.

## Сыт хуэдэ къэралыгъуэу Къэбэрдейр зэрыщытар?

1807 - 1808 гъэхэм Къэбэрдеим щыІа Клапрот Юлиус етхыж: «Мыбы щызекІуэ къэралыгъуэ лІэужьыгъуэм цІэ фІэсщынщ жыпІэмэ, абы зэрыдэлажьэр «пщы-уэркъ республикэщ *(республиканско-аристократический строй)*. Абы кхэдэкІэ кхыщхьэщыкІыр-кхым 1818 гъэм Шэрджэсейм зэрыщыІам тепсэлъыхьыж Де Мариньи ти-бу жиІэр: «Шэрджэсейр пщы зыбжанэ щытепщэ феодальнэ республикащ».

1810 гъэм Кавказым щыІа Броневский Семён: кхызэщІэубыдаэ Кавказым щызекІуэ унафэ зехьэкІам и гугъу щищІкІэ, жеІэ: унафэ щыкІэ лІэужьыгъуищи - монархие, аристократие, демократие - Кавказым щызекІуэ, ауэ абы псори щызэхьхьэжащ, псом хуэмыдуэу япэ ититІыр.

Адыгэ щІэныгъэлІхэм я гупсысэр Клапротрэ Де Мариньирэ я Іуэху еплъыкІэм тохуэ. Ауэ «аристократ республикэ»-кІэ щІыналъэм ущеджэфынур абы унафэр пщы-уэркъхэм я закъуэ щызэрагъакІуэмэщ. ЩытыкІэр хъэзыгъэльагъуэ псалъэ кІыгъуэтфащ ищхьэкІэ зи гугъу щытщІа Броневский Семён: «Къэбэрдеим щызэмрэ Джылахъстэнеймрэ пщы лъэпкъхэм я унафэ щІэтщ, дэтхэнэ зыри и щыналъэм щытепщэу, ауэ псори зы щыналъэм зэрыхиубыдэм и нэщэнэу, унафэр зэхуэсыхуэхэм щызэІэпах».

## Хасэ лІэужьыгъуэхэр

Я унафэр здынэсым ельытакІэ, хасэхэр зэщхьэщыкІыу щытащ. XVIII лІэщІыгъуэм и 60 гъэхэм илъэ лъэжа хасэхэм я лъэужьым дриплъэжмэ, гу лъыдотэ абыхэм Іуэху нэхъ щыкІыдыдэм деж щегъэжьауэ лъэпкъ псом къыпэщІыхьэм нэс щызэфІахыу зэрыщытар. Ахэр зэрызэщхьэщыкІыр я унафэр здынэсым ельытауэт. Псалъэм папщІэ, урыс пащтыхьым, хьэмэрэ кърым хъаным деж лІыкІуэ ягъэкІуэн е ямыгъэкІуэн унафэр кхъэщІэну хуитыр пщыгъуэ щхьэхуэм и Хасэрт *(удельная хаса)*, ауэ абы и унафэр зыгъэззэщІэну кхъызытехуэр езым къедзахэрт, зэры-Къэбэрдеишхуэ абы едэІэну я кІалэнтэкъым. Псоми ягъэззэщІэн хуейр Къэбэрдеипсо Хасэм и унафэм и закъуэт.

Нобэрей дунейм зыщытпІыхьымэ, ХасэкІэ йоджэ Дунеипсо, Къэбэрдей Адыгэ Хасэми, Тэрч, Дзэлыкъуэ, Аруан, Бахъсэн, Шэджэм щымыІэхэм къедза зэгухьэныгъэ нэхъ щыкІуэкІэми, адыгэ зэщыщІэ хамэ къэралхэм щылажьэхэми. Абы пхуегъэщхьэжьыну пщыгъуэ-пщыгъуэкІэ гъэшауэ XVIII лІэщІыгъуэм Къэбэрдеим щылэжьа хасэ лІэужьыгъуэхэр.

Пщыгъуэ щхьэхуэхэм я хасэхэм нэмыщІ, иджыри пщы зыбжанэ зэгухьэу гуп щхьэхуэ зэрыгъэхъуамэ, абыхэми Хасэ щхьэхуэ яІэжт. Хасэ лІэужьыгъуэхэр мыпхуэдэ щІыкІэу ягъэшу щытауэ хуэбгъэфащэ хъунущ:

1) пщыгъуэ щхьэхуэм и хасэхэм нэмыщІ, иджыри пщы зыбжанэ зэгухьэу гуп щхьэхуэ зэрыгъэхъуамэ, абыхэми Хасэ щхьэхуэ яІэжт. Хасэ лІэужьыгъуэхэр мыпхуэдэ щІыкІэу ягъэшу щытауэ хуэбгъэфащэ хъунущ:

1) пщыгъуэ щхьэхуэм и хасэхэм я гугъу пщІымэ, пщыгъуэ уэркъыу я щІыналъэ Іыхьэм исыр къезышэлІэну хуитыр пщы-тхьэмадэм и закъуэт. Апхуэдэ «Хасэ щхьэхуэхэм» я щапхъэу зэхэпльытэ хъунущ 1767 гъэм мэльыкьыхьым и 4-мрэ и 11-мрэ Росглъэнбэч Хьэмырзэрэ Бомэт Мысоотрэ Псыжь адрыщІ Іэпхъуэу, кърым хъаным и унафэм щІэувэну зэрызагъэхьэзырым тепсэлъыхьыну зэхьхьа Хасэр. Абы унафэ кхъыщащтат а Іуэхум Іэмал зэрилэжІэ пэщІэувэну.

1763 гъэм и пэ кхьихуэу Къэбэрдеипсо Хасэ щызэхуаушэса щхьэусыгъуэу тхыдэм кхъыэнащ 1753 гъэм жэпуэгъуэм и 29-м щегъэжьауэ щэкІуэгъэм и 6 пщІондэ зэхэтар: ятпэщІыкІэ Бахъсэнрэ Шэджэмрэ я зэхуакум дэт Хьэлышыбгъ къуэм деж, иужькІэ - Тохъутэмышщ *(иджырей Чернэ Речкэ)* деж. Абы щыгъуэщ Къэбэрдеим ІыхьитІ зэрыщІыкІыну, Бахъсэнхэмрэ Къэщкъэтауэхэмрэ я зэхуакум Шэджэм псыежэхэр гъунапкъэу дэтыну унафэ кхъыщащтар.

1739 гъэм Урысеймрэ Тыркумрэ зэращыІыІа Белградэ зэгурыІуэныгъэм ипкъ иткІэ, Къэбэрдеир а къэралитым я зэхуакъ дэт гъунапкъэ хуэдэу ягъэуват. Абы къикІыр хэгъэгур къэралитІми щымыщу зэрыщхьэхуитырт. А Іуэхум Къэбэрдеипсо Хасэм и мыхьэнэми и къаруми хигъахъуэрт. Ауэ, зэрыхъу хабзэу, лъэныкъуэкІэ узыхуэсакъын бий зэрыщымыІэм кхъызкІыу, хэкум и кІуэцІкІэ къаугъэхэр кхъыщхьеирейт. Апхуэдэу щыт пэтми, зи къару хэзыгъахъэу лъэпкъпсо унафэм хэщхьэхухІыну мурад зыщІ пщыгъуэхэм ар хуагъэдахэу щытакъым. Езыхэми, ирагъэлІимэ, Къэбэрдеим зэрырахуфынур ящІэрт. Мыдрей лъэныкъуэмкІэ укъыщеплъмэ, хамэ къэралитуэхэр лъэпкъ Іуэхум кхъызІэбэху, зэры-Къэбэрдеийуэ зэрыубыдыным, зэгурыІуэным щхьэхуимыту ирихуІэрт. А къаруитІр щызэдалъжьауэ жыпІэ хъунущ Урыс-Кавказ зауэм ипэкІэ екІуэкІа Къэбэрдей хэгъэгу политикэм.

## Хасэр щрагъэкІуэкІ щІыпІэм теухуауэ

Пщыгъуэ щхьэхуэхэм, зэгухьа гупхэм ирагъэкІуэкІ хасэхэм я гугъу пщІымэ, ахэр щызэхуэсыну щІыпІэм теухуауэ унафэр кхъэщІэ хабзэр а къудамэхэм тхьэмадэ яхуэхъу пщы нэхъыжьырт. Къэбэрдеипсо Хасэр щызэхьхьэну щІыпІэр кхъызэхьхьэну хуитыр пщы-тхьэмадэрт. Нэхьыбэм апхуэдэ щІыпІэр езы пщы-тхьэмадэм иубыд щІыхэм ирагъэубыдэрт. ИтІанэми, Хасэр кхъэжэхэм, псэупІэхэм нэхъ япэІэщІэу зэрырагъэкІуэкІыным яужь итт.

Пщыгъуэхэр зэныкъуэкъуу щыщыта лъэхъэнэм абы и щхьэусыгъуэр пщыхэр псори зэхуагъэдэн, зым адрейм нэхъ Іэмал нэхъыбэ лъамыгъэсын щхьэкІэт.

Ауэ Іуэхум щымыІэмэ, зэхуэсхэр губгъуэ лажьыгъэхэм я чэзум, мазихуэзхэм, щакІуэ кІэгъэгъэхэм, мыгъурІыуэ кхалъытэ махуэхэм зэрытрамыгъэхуэным иужь итхэт.

Езы Хасэм текІуадэ зэманым и гугъу пщІымэ, ар мыпхуэдэ щыкІэу игуэшырт:

1)къекІуэлахэр утыку кхъраха, зытепсэлъыхьын хуей Іуэхум щыгъуаз ящыныр;

2)Іуэхум тепсэлъыхьыныр;

3)унафэ къащтэныр;

4)къащта унафэм тетыну тхьэ зэхуаІуэныр.

Зыхуей хуэзауэ ирагъэкІуэкІ Хасэр нэхъыбэм махуиц-плым зэфІэкІырт.

## Пащтыхьыгъуэм лъэпкъыр зэкъуеГъэху

1763 гъэм иужькІэ къэбэрдей пщыгъуэхэр зэкъуэмыувэу щІэмыхьун щхьэусыгъуэхэр наІуэ кхъэзрыхуаи кхъэхкІыу, я зэхущытыкІэмэ зихъуэжащ. Ар Хасэхэр щызэхуашэс щыІапІэмэ, зэрырагъэкІуэкІ щыкІэмэ хыбольъагъкІ. Хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкІэ, зэпэщІат гупитІым я зэхуакум дагъэувэ гъунапкъэхэри хабзэ ткІийхэри фІыуэ къэтІэсхьат. 1767 гъэм Шэджэм деж, Бэчмырзэхэ я къхъэм пэгъунэгъуу, щекІуэкІа лъэпкъпсо зэІущІэм, Бахъсэн гупымрэ Къэщкъэтау гупымрэ я зэхуаку биигъэ дэлъу зыщІыпІэ дежи кхъыщхьэщыжырхьым.

XVIII лІэщІыгъуэм и етІуанэ Іыхьэм урыс пащтыхьыгъуэм къэбэрдей щІыхубэр зэкъуигъэхуэн мурадыр пхигъэкІын щІидзакІэт. Абы лъэІэсын папщІэ, пщышхуэ зэрыгъэхэрэ кІуэ пэтми нэхъ гуащІэу зэрызэфІигъэзнэным иужь итт. «Къэбэрдей уэркъхэм, - хуетх фельдмаршал Потёмкин Григорий корпусым и нэхъыщхьэ Теккели Пётр, - пщыхэм зэрахуэмыІэрэзыр ябзыщІыркъым. Абыхэм хуащІ гукъанэхэр апхуэдизкІэ инщи, зыхуейр кхъыхамыщІэмэ, дяпэкІэ жаІэр ямыгъэзэщІэну, атэлъыхь хабзэм тету пщыхэм я бын зыпІ яхэтмэ, ахэри иратыжыну унафэ къащтащ. Зыгуэр а унафэмкІэ арэзы мыхъумэ, уэркъ псори зэхьхьэу апхуэдэм и лъапсэр зэтракъутэну зэгурыІуахэщ».

Апхуэдэ унафэ къащтэн папщІэ, япэрауэ, зэры-Къэбэрдеийуэ зэхуэмысу хьунутэхъкъым. ЕтІуанэрауэ, зи лъапсэм псы ирагъэжьхьыжьынур пщыхэратэкъым, уэркъ Хасэм и унафэм арэзы темыхъуэ уэркъхэрт: Абы къиГъэльагъуэр зыщІ: уэркъхэм нэхъыбэ дыдэу пщыхэм иращІэфынур - емыдэІэныгъэт, армыхъумэ, Іэщэ яІэщІэлъу абыхэм ящІэнуныр Іэмал зимыІэт. Хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкІэ, а зэманым иджыри пщым и пщІэр кІуэдатэкъым, абы зэранытхэ епщыІэнри ягъэдаурыстэкъым.

Теккели и нэгъуэщІ тхыгъэм хьэхоцщ пщыхэмрэ уэркъхэмрэ зэрызэхуэсар икІи зы лъэныкъуэр адрейм иджыри зэрыхуэмыарэзыр. Дэ гу зылъыІэдгъэтэну дызыхуейр абдежым щызэхрахэ унафэхэр утыку кхъыщІэхьэфыну щытар Къэбэрдеипсо Хасэраущ зэрыщытырщ. ЗэфІэна лъэныкъуэтІ зэгъэкІуэжьи кхъалэныр и пІэ дэзыльхьэжу щытари апхуэдэ хасэшхуэхэрщ.

## Хасэмрэ лъэпкъыр зэкъуэзыгъэувэ Іуэхухэмрэ

Къэралэ зызыуэкъахэм я тхыдэм урилпъэмэ, гу зылъыпІтэр зыщ: лъэхъэнэ гуэрым зэрылъэпкъыу щІэзыкъуэзыВэн щхьэусыгъуэ яГъуэта нэужь, абы и хьэтыркІэ, зэпэщІэтхэм зым адрейм худичыхэм щІедзэри, хэгъэгу щыбкІэ кІебгъэрыкІуэ щынагъуэм лъэпкъыр быдэу зэрегъэубыд. Апхуэдэ щхьэусыгъуэу адыгэхэм я кхъэуІэкІуэу щытыр 1863 гъэм Мэздэгу деж ерыс быдапІэ зэрыращІыхьар.

1860 гъэхэм лъэпкъым и пащхьэ кІыиуа къалэныщІэхэм Іуэху бгъэдыхьэкІэр ямыхъуэжу мыхъуну ищІащ. Иджыри къэс Урысейр Къэбэрдеим «къыщхьэщыжьу» зиІща къудеймэ, иджы абы лъэпкъыр и унафэм щІыгъуэнкІэ, а унафэмэ, 1794 гъэм Іуэхур кхъэзащІэхэхьеныгъэм хуэхІуэри, кхъэзащІэгъэстакІуэу къалъытА ХьэтІохъущокъуэр Адэлджэрийрэ Хьэмырзэ ХьэтІэхъущокъуэрэ Екатеринослав губернием ирырагъэшауэ щытащ.

Абдеж гурыІуэгъуэ щыхъуат Урысейр кхъызэрипэщІэтри, Къэбэрдеим и щхьэм фІэкІа зыщыгугъын зэримыІэри. Пльпкъыр зэрызыгъэубыдыжьын хьэрыуэ диныр кхъыпІэрт, 1798 гъэм Іэхъуэщыщ къикІуэхьыжьа ХьэтІохъущокъуэ Адэлджэрий пашэ зыхуэхъуа щэрихьэт зэщІэхъееныгъэм гъэзгу игъуэтащ.

Иджыри кхъэс урыс хейщІапІэхэм адыгэ хабзэр пэщІагъэувэну хэтамэ, иджы лъэпкъыр зыщыгугъыр щэрихьэтыр зи лъабжьэ хабзэрт.

Мусылъмэн диныр, зы лъэныкъуэкІэ, лъэпкъым зэрыпхъуакІуэхэм зэрапэщІэувэн Іэмэпсымэ хъуат, адрей лъэныкъуэмкІэ - цІыхубэ гъащІэр куэд щІауэ зыхуэныкъуэ зэхъуэныкъыныгъэхэм гъэзгу къытехьэну Іэмал яритырт. Щэрихьэт зэщІэхъееныгъэм и мурадыр урыс хейщІапІэхэр игъэкІуэдыжу дин хабзэкІэ лажьэ судхэр зэфІигъэувэжыным и закъуэтэкъым - лъэпкъым хуэщхьэпэну унафэщІэхэр кІащтэну я мурадт, пасльэм папщІэ, пщыхэмрэ уэркъхэмрэ хуитныыгъэкІэ зэхуэдэ ящІынныр.

Пащтыхьыгъуэм и тІасхъэщІэхэхэм яз Кнорринг Карл итхырт: «Сэ сыщыгъаззщ а щІалэ псынщІэхэр КъурІэным телъэву, зытеувам къытемыкІыну тхьэ зэрапІуар, пщыхэмрэ уэркъхэмрэ зэхуэдэ ящІыну зэрамурадыр. «Сыт Франджым къышащтар дэри къатщтэ щІэмыхьур?» - жеІэ абыхэм. Уэркъ куэд япщхэм къабгъэдэкІыу абыхэм зэрагухъэри уольагъу».

**ЧЭРИМ Марианнэ.**

*(КъыкІэлъыкІуэнщ).*

● Лъэпкъ тхыдэ

**Къэбэрдей пщы уэлий ХьэтІохъущокъуэ Кургъуокъуэ куэд илэжьащ пщыхэр, уэркъхэр, Хэку хасэр зэгурыгъэІуэн папщІэ.** *Сурэтыр* **СэвкІуий Хьэмид** *ищІащ. 2008 гъэ*

**Адыгэпщэр мэхасэ.** *Сурэтыр* **Гагарин Григорий** *ищІащ. 1840 гъэ*

## Пащтыхьыгъуэм адыгэпщэр зэкъуиудыным зэрелІэлІар

1763 гъэм щегъэжьауэ зэкъуэувэн щІэзыдза адыгэпщэхэм ахэр зэбгъэдэзыш къаруэхэри кхъахьхэн щІадзащ. Абы и щхьэусыгъуэр пащтыхь унафэм апхуэдэ мурад зэриІэрт, адыгэпщэр зэгурымыгъэІуэныр и зэрыпхъуакІуэ Іэмал щэхуу зэрыщытырт. 1770 гъэм и жэпуэгъуэм капитан Гастотти М. хамэ къэралІуэхуэхэм кІэ министерствэм чэнджэщ ирет: «Іэмал зэриІэкІэ, адыгэхэм я зэхуакъ къэуГъэхэр кхъыщГъэхъеин, дэ дыхуей мыхъуауэ пщы къудамитІым зэкІужьну Іэмал емытын». Хабзэ зэрыхуэхъуауэ, Урысейм нэхъ къаруншэу фэ зытет лъэныкъэм зыщІигъакъуэ зищІурэ, ар адрейм иригъэныкъуэкъурт. Кърым хъанхэми ящІэр ардыдэрат. Абы щхьэфІкІмэ, пщы-уэркъхэмрэ кхъэзрыкІуэ мэкъумэшыщІхэмрэ я зэхуаку къаугъэ дальнэкъэнри пащтыхьыгъуэм кхъыхилъхьа ІэмалыщІэхэм язт. Апхуэдизэ зэгурымыІуэныгъэр хуэм-хуэмурэ Хьэбэрдеим и хуитныыгъэр фІэзыгъэкІуэдыфын щхьэусыгъуэ хъурт.

## Хасэмрэ щэрихьэт зэщІэхъееныгъэмрэ

Хасэр къудамищ зэрыхъуар ефІэкІуэныгъэу щыта щхьэкІэ, къэбэрдей цІыхубэм зэкъуэхун щІидзакІэт, абы кхъэхкІыу, а зэхъуэкІныгъэ щхьэусыгъуэм лъэпкъым и ГъащІэм зэгурыІуэныгъэ кхъыхилъхьэфыртэкъым.

1769 гъэм къэбэрдейхэр генерал Де Медем Йоганн и унафэ щІэт дзэхэм езэуащ. 1774 гъэм Тыркумрэ Урысеймрэ зэращІылІа Къайнэрджи ЦІыкІу зэгурыІуэныгъэм ипкъ иткІэ, Къэбэрдейр Урысейм и Іыхьэу яГъуэват. Абы и жэуапу къэбэрдейхэм жаІащ: «Дэ зэи Урысейм и унафэ дыщІэтакъым, Грозный Иван пащтыхьым Іуэху гуэр дэтщами, дэ абы ныбжьэгъуГъэ хабзэкІэ дыдекІуэкІауэ аращ, армыхъумэ и пщьлІу зэи дыщытакъым».

Къайнэрджи ЦІыкІу зэгурыІуэныгъэм Къэбэрдеим и хуитныыгъэр щхьэщихыпатэкъым, ауэ хамэ къэралхэм зэрадекІуэкІ хабзи, зэрызихъумэж Іэмал хэха гуэри здимыІэм, хэгъэгур Урысейм щыгугъыу къигъанэрт.

А псом Хасэм и лэжьэкІэми лъэужь къытримынэкІэ Іэмал иІэтэкъым. Пльпкъым унафэ зехьэрІэ щхьэхуитИ хуитныныгъэ нэгъэсаи зэримыІэм Хасэми и къэрар щІихащ. Зэрызэкъуэвэрэ илъэсипщІ фІэкІа дэмыкІауэ, хуедамищу зэхэт Хасэм щыщ пщы-уэркъхэмрэ мэкъумэшыщІэ щхьэхуитхэмрэ зэныкъэжъкъэжьи, фейдэкІэ зэпеуэн щІадзахэщ.

Адыгэ цІыхубэр фІыуэ ззэыгъэщІыхуа пащтыхь администрацэм гугъу зригъэжьын хуеиныгъэкъым и унафэр пхигъэкІын щхьэкІэ, сыту жыпІэмэ, иджыри къэс лъэпкъыр зэдаІуэу щыта Тэтэрхъан Жанхъуэ зти, Бомэт Мысоости я нэхъыжьыгъэм хьэтырышхуэ иІэжтэкъым.

Лъэпкъыр апхуэдэ щыкІэу зэкъуагъэхуа нэужь, пащтыхьыгъуэм и Іэмалхэм нэхъри щІикъуэну мурад ищІащ. 1793 гъэм абы утыку кхърихьащ «лъэпкъ хейщІапІэхэр». Абыхэм къэбэрдей гъащІэм къыщыхъу щІэпхъаджагъэхэр щызэпкърахырт, унафэ къыщащтэрт, тезыр щытралъхэрт. Абы къикІыр зыт - иджыри къэс лъэпкъыр зытета хабзэхэр мылажьэжыну арат. Псалъэм папщІэ, «къэбэрдейхэр хуиттэкъым: щІыналъэм и унафэщІым имыщІэу хэкум икІыну; яІя ящІэжыну; хьэщІэ къыдогъблагъэ жаІэу щІэпхъаджащІэхэр ягъэщІкІуну; лІыгъэкІэ зэпеуэн щыщІэхэ зэхуэсыну; хейщІапІэхэм унафэ къамыщтауэ зэІущІэ ирагъэкІуэкІыну».

Абдеж щегъэжьауэ Къэбэрдеим щылажьэ цІыхубэ зэхэтыкІэр зэтезыІыгъэ хабзэхэм лъэлъэжьи щІадзащ. Псом хуэмыдэу, зэхуэсыну зэрыхуимытым кхъэзльагъэурт Къэбэрдеим и хуитныныгъэр кхъэзэ имыІэу зэрыІэщІэкІыр. Лъэпкъыр апхуэдизкІэ къигъэгубжьат а унафэмэ, 1794 гъэм Іуэхур къызащІэхьеныгъэм хуэхІуэри, къызащІэгъэстакІуэу къалъытА ХьэтІохъущокъуэр Адэлджэрийрэ Хьэмырзэ ХьэтІэхъущокъуэрэ Екатеринослав губернием ирырагъэшауэ щытащ.

Абдеж гурыІуэгъуэ щыхъуат Урысейр къызэрипэщІэтри, Къэбэрдеим и щхьэм фІэкІа зыщыгугъын зэримыІэри. Пльпкъыр зэрызыгъэубыдыжьын хьэрыуэ диныр кхъыпІэрт, 1798 гъэм Іэхъуэщыщ къикІуэхьыжьа ХьэтІохъущокъуэ Адэлджэрий пашэ зыхуэхъуа щэрихьэт зэщІэхъееныгъэм гъэзгу игъуэтащ.

Иджыри кхъэс урыс хейщІапІэхэм адыгэ хабзэр пэщІагъэувэну хэтамэ, иджы лъэпкъыр зыщыгугъыр щэрихьэтыр зи лъабжьэ хабзэрт.

Мусылъмэн диныр, зы лъэныкъуэкІэ, лъэпкъым зэрыпхъуакІуэхэм зэрапэщІэувэн Іэмэпсымэ хъуат, адрей лъэныкъуэмкІэ - цІыхубэ гъащІэр куэд щІауэ зыхуэныкъуэ зэхъуэныкъыныгъэхэм гъэзгу къытехьэну Іэмал яритырт. Щэрихьэт зэщІэхъееныгъэм и мурадыр урыс хейщІапІэхэр игъэкІуэдыжу дин хабзэкІэ лажьэ судхэр зэфІигъэувэжыным и закъуэтэкъым - лъэпкъым хуэщхьэпэну унафэщІэхэр кІащтэну я мурадт, пасльэм папщІэ, пщыхэмрэ уэркъхэмрэ хуитныныгъэкІэ зэхуэдэ ящІынныр.

Пащтыхьыгъуэм и тІасхъэщІэхэхэм яз Кнорринг Карл итхырт: «Сэ сыщыгъаззщ а щІалэ псынщІэхэр КъурІэным телъэву, зытеувам къытемыкІыну тхьэ зэрапІуар, пщыхэмрэ уэркъхэмрэ зэхуэдэ ящІыну зэрамурадыр. «Сыт Франджым къышащтар дэри къатщтэ щІэмыхьур?» - жеІэ абыхэм. Уэркъ куэд япщхэм къабгъэдэкІыу абыхэм зэрагухъэри уольагъу».

**ЧЭРИМ Марианнэ.**

*(КъыкІэлъыкІуэнщ).*

● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

## Нартыху лэкъум

НАРТЫХУ хьэжыгъэ уху энщІар, шэ къэкъуалъэ хакІэуэрэ, бэлагькІэ ялщ. Бахъэ пщтырыр ягъакІуэри, гуэдз хьэжыгъэ щІапщ, абы хакІэ шэ хуабэкІэ зэІыха пщагъэ, фІыуэ зэхапщэжри, зы сыхьэтрэ ныкъуэкІэ и щхьэр тепІауэ хуабапІэ ягъэув, тэджын щхьакІэ.

Абы иужькІэ хупщІынэм хакІэ шыгъу зыхэдза джэдыкІэ уда, аргуэру зэ щІапщэкри, нэхъ зэхэшыпсыхьын щхьакІэ хуабапІэ ягъэув дакъикъэ 20 - 25-рэ хуэдизкІэ. ИтІанэ я Іэр псы щІыІэм хащІэуэрэ хупщІынэм къыпач, лэкъумыр чыржын хьурейм хуэдэу ящІ, тебэм ит тхъу къэпльам халъхьэри, зэрагъэдзэкІыурэ тхъуэплъ хуэху ягъажьэ.

Хуабэу Іэнэм трагъэувэ. Шатэ, кхъуей дашх, шэ, шей драф.

*Халъхьэкр (цІыхуиц Іыхьэ):* нартыхуэ хьэжыгъэу - г 560-рэ, гуэдз хьэжыгъэу - г 80, джэдыкІэу - 4, шэуэ - г 800, пщагъэу - г 64-рэ, шыгъуу, зэрыбгъэжьэну тхъууэ - узыхуейм хуэдиз.

## Прунж щІэгъэва

ПРУНЖ зэхадзар псы хуабэкІэ фІыуэ ялъэс, псы къэкъуалъэм хакІутэ, шыгъу тІэкІу хадзэри, зэІащІэурэ, тхъурымбэри къытрахыурэ, хьэзыр хъуху ягъавэ. Кхъуэнэм иралъхьэри, и псыр щІагъэж. Іэнэм щытрагъэувэкІэ шыгъу е фошыгъу хадзэ, тхъуцІынэ халъхьэ. Пщтыру яшх. ЩІакхъуэ, лэкъум докІу.

*Халъхьэкр (цІыхуитІ Іыхьэ):* прунжу - г 250-рэ, псыуэ - г 500, тхъуцІынэу - г 40, шыгъуу е фошыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

*«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.*

● Псалъэжьхэр

## Къанжэр и бзэ токІуадэ

**●Дзыгъуэ нэпсейр шэм етхьэлэ.**
**●Жейм и щІыхуэ къыптринэркъым.**
**●Жьэм къыжьэдэкІа псалъэри фочым къикІа шэри зэхуэдэщ.**
**●Жьындури гугъат тхьэрыкъуэ къришыну.**
**●Зи бзэ хуимытыжыр и бзэ токІуэдэж.**
**●Жьэзыгъуэтыр мэгуфІэри, зыфІэкІуэдыр магъ.**
**●И насып бжьыхьим ирапхакъым.**
**●Куэдыр пхурикъуркъым, мащІэр къыдбохуэж.**
**●Къанжэр и бзэ токІуадэ.**
**●Дзасэм тхъу пызагъэрэ?**
**●Къэмыфэфым пшынауэм трелъхьэ.**
**●Къыхэдзэ закъуэ - ежьуун бгъуэтынщ.**
**●ЛІым Іэщэ зыхуиІыгъыр зы дакъикъэщ.**
**●МафІэм псыр къеГавэ, псывэм мафІэр егъэункІыфІ.**
**●Мывэ дзыкІэ зымыщІэм и щхьэм къоху эж.**

● Къуажэхьхэр

## Акъыл куэду къызыхах

**◆Бзаджэм къыІэщІэкІ, Бэлыхь куэд къызэрыкІ.**
**◆Іэщ егъэзыпІэ Іэхъуэ хьэщІапІэ.**
**◆Езыр зыщІыпІи мыпІащІэ, Ауэ цІыхухэр зыгъэпІащІэ.**
**◆Ди еджапІэм щІэсщ зы бзу, Махуэм куэдрэ ар мэзу.**

*Жэуапхэр:*

**◆ЦІыхухэм куэдрэ къызэгуах, Акъыл куэду къызыхах.**
*ПщІы. Сихьат. Іхьлы. Іэнэм. Іэпэ. Іэщтхьэ.*
**◆Жьыбгъэр щызеуэ, Іугъуэр щыуэр.**
*Зэхэзыгъэхьар* **ЩОДЖЭН Леонидщ.**

# Гъэмахуэм и гъэгъахэр

● Къэкіыгъэхэм я дуней

УАФЭР къащхъуэщ, лъащІэнщэщ, пщэ закъуэтІакъуэщ уэгум иплъагъуэр. Ашэмэз и бжьамийр зэгуэр дуней зэрыетар уи фІэщ мэхъу. Уи нэм къыІуидзэ гъэгъа плъыфэбэхэр, къыпщІихьэ мэ гуакІуэр абы щыхьэт тохъуэ.

Тафэхэм, мэз лъапэхэм, мэкъупІэхэм щкиъухьа удз гъэгъа дахэхэм гъуни нэзи яІэкъым. Нэр ягъэгуфІэ абыхэм я теплъэм, я щхъуэкІэплъыкІагъэм. Шынэ-шынэ (ромашка) зи кьалащІийхэр хужь щІыкІуэр зыми яхэгъуэщэнукъым. Дарихуу (эспарцет) пшэ плъыфэхэм яФІэфІ дыдэу бжьахэм фо кьыпах. Джэдутхьэкіымэ (колокольчик) щыкІуэр лІэужьыгъуэ кэуду бэгъуауэ мэкъупІэхэм щикъухьащ. Ди щІыпІэм кэдрэ ущыхуозэ епэр гъэгъа шакъафэхэм, кьащхьэпсхэм. Губгъуэ-балыджэ (ночная фиалка) шакъафэ мащІэ зыщІэлъадэм пщыхьэщхьэкІэрэ мэ гуакІуэ кьапех. Накъыгъэм и кІэхэ - мэкъуаугъуэм и пэхэм хужь цІыкІуу мэгъагъэ ландыщэхэр - кьэлэрдэгухэр (ландыш).

ГъэщІэгъэнщ удз гъэгъахэр, акъужьым абыхэм я мэ Іэфіхэр хьэуам щІыгъэрехьэ. Кьэуалэбзухэми я уэрэд мыухыжьыр кьраш. Гъэмахуэщ...

Джэдутхьэкіымэ

Ландыщэ (кьэлэрдэгу)

Губгъуэбалыджэ

Шынэ-шынэ

Дарихуу

● Гъуазджэ

КъБР-м и Іэтащхьэ Къанокъуэ Арсен Евровиденэм щытекІуа Билан Димэ йохъуэхъу. *2005 гъэ*

# Кулизар «мэІэзэ»

***Ауан***

- КЪЭБЭРДЕЙМ къикІыу Синэхухэ къэкІуа фыз Іэзэм дунеишхэр зэкІэлъыкІыу зэрыжаІэу уэ тхъэмыщкІэжь мыгъуэр занщІэу сигу укъэкІащ, - жиІэурэ Сурэт кьихьа шейхэкІэр зэрыт фальэр стІолым тригъэувэри, етІысэхащ.

Алыхьыр арэзы къыпхухъу, сыту хьыбарифІ дыдэ къысхуэпхьа. Къыззэмыузу зы Іэпкльапкъ сиІэкъым...

- Сурэт къыжриІаэр Хьаным и гуапэ дыдэ зэрыхъуар пщІэуэ щІэгуфІыкІащ, итІанэ къыщІигъащ: «Зэпытыр кьаухкІуэ псомк. Уи напІэ зэрызэтелъхьэжу къэнэжынущ. Ди щхьэ дыкІэлъымыплъыфурэ гъащІэр макІуэ. Узыр уэ къожьэн?! Хьэдрыхэ здэзыхьаІа щыІэкъым. Пщдей сыкІуэнщ», - Хьаным и щхьэ хуэхъущІэжурэ Сурэт куэбжэм дишыжащ.

- Алыхь, пэжмэ, ди щхьэм зыри тхуехьэлІэркъым. Дахэлина къысхуэзэри, фыз Іэзэм щытхъупсыр кьригъэжхащ. Абы и къуэ закъуэр-щэ? ПщІэжыркъэ? Ильэс дапщэ хъуэуэ сымаджэ? Мис ар фыз Іэзэм игъэхъужыну жиІащ. Иджы анэр бжэн къуий дагъэрэ илъэсищ хъуа маф форэ мэлъыхъуэ. Ахэр къыззригъуэту, хущхъуэ хьэлэмэтыщэ хуэзхилъхьэнущ. ИтІанэ, сщыгъупщэрти, бзу кьаукІагъащІэ зи псэр хэмыкІам игу цІыкІур псынщІэу кьрипхъуэту зэрыпІэтІэуэу иритъэлъэтхьну кьыхуигъэуващ. Узым уимыгъэщІэн щыІэ?! Хьэл жаІами уигъэшхьнущ. Алыхьым къыслхуимыухкІэ жыІэ армыхьумэ, - Сурэт и пщэдджьыкъ хъыбархэр утыкум кьрихьащ.

Іэзэм и Іэзэкіэу Сурэт къыжриІам фІэщхъунытгъэ кьритати, жэщ псом жеякъым Хьаным, нэху къыззэрекІыу цІыхухэр чэзууэрэ зыхуэзблэкІым деж кІуащ.

Фыз лъахъшэ зэпэхурей цІыкІут ар. Бысым гуащэм хухиха пэшым и закъуэ щыІэзэрт. Зырызурэт цІыхухэр зэрыщІигъэхьэр. Джэдуужь хуэдэ зигъэтІэтІэжу гъуэлъыпІэкум здисым Іущащэурэ зыгуэрхэр кьибжьырт. И жьэгуу кьыщІэлэлам и пщэр щІихьумэжаеуэ пльагъужІатэкъым. Псом хуэмыдэу ар гурымыхь щыхъур и нэгуджэр и пэбг кІагуэм кьытригъэкІуатэу и дзыгуэнэ цІыкІухэр зэриГъажэу щыщІидзэм дежт.

Дыщэм къикъутэ и Іэпхъуамбзкэр дыщдзэхэр къызыІупс и Іупэхэм щІэх-щІэхыурэ Іуилъхьэрт.

- Алыхьыр Іэзэщ, уэ уІэзэщ. Уи цІэр куэдрэ фІыкІэ жаІэ. Уи хьыбарифІ яІуатэм сыкъыпхуишащ, - зэкІэлъигъэпІащІэу кьригъэжьащ Хьаным и матэр здиунэщым.

Шхын лІэужьыгъуэу стІолым кьытемыхьа щыІэтэкъым, гуэгушыхэу укІамрэ бостеяпхъэ лъапІэмрэ щыгъужу.

ЗыфІмимыгъэІуэхуурэ а псоми я деж ноплъыс Іэзэр, и ІупитІри фІызэтхэ. ИтІанэ фэрыщІыгъэ хэлъу:

- Апхэдизу угузэвэн хуея мыгъуэкъым. Аущ, угузэвами, уи щхьэм и щхьэузыхьщ, - жеІэри, нэхъ жан къэхъуауэ, сымаджэм кьеузымкІэ еупщІу щІедзэ:

- Нэхъыбэу узыгъэгумэщІыр сыт?

- Алыхь, къызэмыуэ симыІэ. Си Іэпкльапэкъыр сысымей хуэдэщ, хьэлъащ, хуабэри щыІэри къызззэгъыркъым, - нэщхъей-нэщхъейуэ жэуап кьетыж Хьаным.

- Зэм укъызэщІэплъэу, зэм техьэгъуэм уиубыду ухъурэ?

- Упсэу, ардыдэщ, - сымаджэр кьыхудэплъеящ.

- Алыхь, иджы къэсщІакІэ. Мы тхылъымпІэм кІуэцІыльыр тхъэмахуищкІэ зыщІэбгъэуэнущ, мыбы уефэнуц. Ауэ, нэхъыщІыкъэр, хуабэм деж жьауэм, щІыІэм деж унэ хуабэм ущІэсынырщ, - а «рецептхэр» кьритри, фызыр кьригъэжьэкащ.

КъыжриІауэ имыщІа щыІэкъым Хьаным. АрщхьакІэ нобэр къызэдэсым гурыфІыгъуэ лъэпкъ иІэкъым. ЩІэгъаэм Хьаным и нэкьпэпкъыр дабэгъу щІидзащ, зэфами, зэи имыкІыж щхьэузыр кьыхуигъэнащ.

**КЪАНТЕМЫР Тыркубий.**

● Тхыгъэ кІэщІхэр

### Мажьэм игъэщІэгъуар

Щхьэр ижьу еса мажьэр зыкъом льандэрэ къамыгъэсэбэпыж хъуат. «Сыту пІэрэ абы и щхьэусыгъуэр?» - гупсысэрт мажьэр.

Зэгуэрым, гушыІэм къыхэкІыу ар щхьэм щыхуахьам, мажьэм кьилъэгъуащ абы зы щхьэц зэримытыжыр, мылгъурыджэм хуэдэу джафэ зэрыхьуар. «Дэнэ здэкІуар сэ апхуэдизу селІалІэу зжьыуэ щыта щхьэц Іувыр?» - игъэщІагъуэрт абы, щхьэцыр ижьуэр эзыми дахэ-дахэу дзэ къыззэрыІумынэжам емыгупсысу.

### Псалъэжьым и жэуап

- УцІыкІущ, укІэщІущ, псалъэ зыбжанэ фІэкІа ухъуркъым, итІани, сыт цІыхум уащІыІурылъыр, сыт пщІэшхуи ущІиІэр? - жаІэ псалъэжьым еупщІати, мащІэу пыгуфІыкІри, мыращ жэуапу кьаритар:

- Пэжщ, сэ сынкъым икІи сыкІыхьхьым, ауэ абы кьыхэкІыу фыкъыстегушхуэну, Іэщ Іыбыгъ сыфщІыну фыхэмыт. Сэ сыкІэщІми, сІуатэр пэжщи, ерагъ си къарур щІэинри, гъащІэ кІыхь сыщІиІэри.

### Акъылыр лей хъуркъым

ТхьэкІумэкІыхь гуэрым акъылышхуэ иІэу зэхахати, еупщІахэщ, сыт апхуэдизкІ акъылыр зэрыпщІынур? - жаІэри.

- Зэззмызэ сІэщІэкІ щыуагъэхэмрэ делагъэхэмрэ ирищІэсхъумэну, араш, - жиІащ тхъэкІумэкІыхьым.

### Бабыщ жыІэзыфІэщ

Псы Іуфэм Іус бабыщыр бажэм къиубыдри ирихьэжьати, «Дэнэ сыздэпхьыр? - жиІэри еупщІащ. - Уи дзэхэр къысхэфыкІащи, си лыр уогъэуэ».

- Умыгузавэ, бабыщ цІыкІу, жьыжь усхьынукъым, модэ мо чыцэм дызэрыхьхьэу, узутІыпщыжынущ, - жиІащ бажэм. - Си дзэхэр къыпхэсхьжынщи, утынышыжынщ.

- А чыцэм псыпцІэ иІэу пІэрэ сыхэсыну? - щІэупщІащ бабыщыр.

- ИІэщи, абы ухэзгъэсыну, бдзэжьей уезгъэщэну аракъэ ущІэсхьыр, дахэ цІыкІу.

- Хьунщ-тІэ, абы щыгъуэ нажэ нэхъ псынщІэу.

Бажэр чыцэм нэсри, бабыщыр фІиудащ.

### Бажэм и жэуапыр

КъуажэмкІэ джэд къизых бажэм шыпльэгур хуэзати, жреІэ:

- Уэ, бажэ, убздажэщ, угубзыгъэщ, уи Іуэхур сыт щыгъуи дыбогъэкІыф. Урысми жаІащи, джанэ пщыгъыу укъалъуа хуэдэщ.

Шыльэгум жиІэм едаІуэщ, джэдыр игъэтІылъри, бажэм жиІащ:

- Пэжщ, сэ сынасыпынщэ хуэздэкъым, джанэ сщыгъыу сыкъалъхъугъэнщ, ауэ ар сщаудыну сыт хуэдиз кхъэзэщэрэ сэ, шылъэгу цІыкІу?!

**КЪАГЪЫРМЭС Борис.**

# Псалъэзэблэдз



***Екіуэкіыу:*** **3.** Зеинш. **5.** Выр зэрыщІащІэ пхъэ. **6.** Тепщэхэр къызэрырашэкІыу щыта шыгу. **9.** Арэгъуейм и ... макъ. **10.** Пхъэщхьэмыщхьэ. **11.** Щыхь пІащэ. **12.** Католикэм я къэрал жьгъей Ватиканыр зыхэубыдащ. Кьалэ. **15.** Къуаргъ лъэпкъ. **18.** ... и къуэ дзыгъуащэщ. **19.** Гъэмахуэм Іэщым я фэр изых бадзэжь. **20.** Гум щагъафІэ, зыщІэхьуэпс гугъэхэр. **23.** Псыхуабэ кьалэм щыІэ адыгэ Іуащхьэ. **24.** Бдзэжьей лІэужьыгъуэ. **26.** Уэзырмэс хигъэщІа, нартхэм тезыр къатезылъхьэу щыта тхъэпэлъытэ. **28.** БгитІ зэхуаку. **29.** Хадзэкі. **33.** Джэдкъаз. **34.** Зэхьэзэхуэм щытекІуэм ирату щыта щэкІ плъыжь щІыкІу. **35.** Адыгэ псалъэжьым зэрыжиІэмкІэ, ар куэдрэ уэмэ, и дамэр мэкъутэ. **36.** ФІы дыдэу еджэм ар хуагъэув. **38.** Іэщ пІащэ. **40.** Гъэсынпхъэ ткІуаткІуэ. **41.** Гьатхэр къызэрихьэу жыгхэм ... иратащ. **42.** Цыху зыпІ цІыху уасэ ...

***Къехьу:*** 1. Кьалэ-лІыхъужь. **2.** ЛІыгъэшхуэ зыхэпъ, щхьэмыгъазэ. **4.** Ди унэр ... Іэджэу зэтетщ. **7.** Лэскэн щІынальэм щыщ къуажэ. **8.** Бэрбэч ХьэтІутІэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университым и етІуанэ ректору щыта. **11.** КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщІ. **13.** ТхылъымпІэм итыр зэрыпэжым щыхьэт техьуэ дамыгъэ. **14.** Шху мыхьуу упщІыпІужа шэ гъэпщта. **16.** Зи кІуэцІыр нэщІ, купщІэ зэрымыльэ. **17.** Зи щхьэгъуэсэм и унагъуэм щыпсэу щІалэжь. **21.** Кьуэ лъэныкъуэмкІэ кьрихху жьы щІыІэтыІэ. **22.** Іуэху мыублэ ... хэсщ. **25.** Бахьсэн щІынальэм хиубыдэ къуажэ. **27.** Іэпкльэпкъ зэкІуж зиІэ щІалэ. **30.** Іэху щІэным хуэмыпІащІэ, жьыджэрагъ зыхэмыльэ цІыху. **31.** Жьэгу натІэм хэщІыхьэ тетъуэвапІэ. **32.** ІэщІэвыщІэ гуп зытет фермэ. **36.** Пхъэм къыхащІыкІ бжэмышх, шынакъ хуэдэхэм я кІуэцІыр зэрагъэтэмэм, дзитІ зыІут Іэмэпсымэ. **37.** Адыгэ художник цІэрыІуэ ... Мухьэдин. **39.** Іэпслъэпсым щыщ.

*Зэхэзыльхьар* **МЫЗ Ахьмэдщ.**

**Шыщхьэуіум и 15-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:**

***Екіуэкіыу:*** **5.** Іэхулъэху. **7.** Уэсмыч. **9.** Пхъы. **12.** Инэрокъуэ. **15.** Мыгъуэ. **16.** Кьуэгъун. **18.** Пажэ. **20.** Црым. **23.** Шыд. **24.** Сом. **25.** Жьым. **26.** Баш. **27.** Куэсэ. **28.** Кьунэн. **33.** Амур. **35.** Икіуэ. **37.** Устинов. **40.** Кьурщ. **41.** Нэбзий. **42.** ХьэпцІий.

***Кіехьу:*** **1.** Шху. **2.** Нэсри. **3.** Іэгупэ. **4.** Кьум. **5.** Іэрамэ. **6.** Пхъэр. **8.** Чэщанэ. **10.** Шыгъу. **11.** Мэз. **13.** Ныш. **14.** Кьуэш. **17.** Псынабэ. **18.** Пхэшку. **19.** Жасус. **21.** Румын. **22.** Медан. **29.** Салъкъын. **30.** КІэс. **31.** Пкъо. **32.** Кьабзий. **34.** Уэх. **36.** КІущэ. **37.** Уэлий. **38.** Изрэ. **39.** Выуэч. **42.** Бо. **44.** ЦІэ.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

Жьэкіэмыхъу Мариноэ (редактор нэхъыщхьэм и апэ къуэдзэ), Жыласэ Зауррбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Мариноэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Къаншокъуэ Элэ (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Маритэ, Къумахуэ Асльэн, НэщІэпыдджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщі Иэ

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КьыдзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Іуэхущ1апІэхэм ядолжжьэнымкІэ - 42-60-53; узыншагъэр хъумэнымрэ экологиемкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хьыбарыщІэхэмкІэ - 42-22-88; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэтчэтхьм - 42-75-78

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ аэр зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуу зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм. Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ

12+

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, БэсэнІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

*Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **Джатокъуэ Марьянэ,** *редактору* **Жьэкіэмыхъу Мариноэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 3, 5-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(2, 4, 6-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тредзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894 ● Тираж 1.973 ● Заказ №1701